## Entwodiksyon pou Paran yo sou

# Pwogram Edikasyon Elèv Eksepsyonèl

## nan la Florid



Depatman Edikasyon la Florid

Piblikasyon sa a pwodwi atravè Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis pou Elèv yo (BEESS) Divizyon Lekòl Piblik yo, Depatman Edikasyon la Florid epi tou, li disponib an liy nan http://www.fldoe.org/ese/pub-home.asp. Pou enfòmasyon sou tout resous disponib yo, kontakte BEESS Sant Resous ak Enfòmasyon (BRIC).

Sit Web BRIC: http://www.fldoe.org/ese/clerhome.asp
Sit Web Biwo: http://www.fldoe.org/ese
Email: BRIC@fldoe.org
Telephon: (850) 245-0475
Fax: (850) 245-0987

Kouvri foto koutwazi de: Digital Vision/Thinkstock,
iStockphoto/Thinkstock, and Hemera/Thinkstock

# Entwodiksyon pou Paran yo sou Pwogram Edikasyon Elèv Eksepsyonèl nan La Florid

Depatman Edikasyon la Florid
Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis pou Elèv yo
2012

Dokiman sa a devlope pa Depatman Edikasyon la Florid, Seksyon Lekòl Piblik yo, Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis pou Elèv yo oswa Bureau of Exceptional Education and Student Services (BEESS), atravè èd federal ki tonbe anba Lwa pou Endividi Enkapasite nan Edikasyon oswa the Individuals with Disabilities Education Act (IDEA), Pati B.

Dwa Dotè
Leta la Florid
Depatman Eta
2012

Konfòm ak Atik 1006.30 Lwa la Florid yo, yo bay sistèm edikasyon piblik leta otorizasyon pou repwodwi manyèl sa a. Yo pa pèmèt ni distribisyon ni repwodiksyon fèt andeyò sistèm edikasyon piblik leta san konsantman a lekri davans.

# FLORIDA DEPARTMENT OF EDUCATION

STATE BOARD OF EDUCATION

GARY CHARTRAND, Chair
ROBERTO MARTÍNEZ, Vice Chair

*Members*
SALLY BRADSHAW
AKSHAY DESAI, M.D.
BARBARA S. FEINGOLD
JOHN R. PADGET
KATHLEEN SHANAHAN

**Pam Stewart**
**Commissioner of Education**

Chè Paran yo:

Rechèch ki fèt pou plis de 30 ane demontre ke patisipasyon paran enpòtan anpil nan siksè timoun va gen lekòl. Sa se sitou si timoun la gen yon enkapasite ki koze difikilte nan aprantisaj.

Nou fèm nan kwayans nou ke tout timoun – dimoman yo resevwa ansèyman adekwa, ak tout sipò yo ansanm ak tout aranjman espesyal yo – kab aprann kankou tout lòt timoun nan anviwònman etid 21nyèm syèk sa a. Tout Timoun, enkli timoun ak enkapasite yo, kab reyisi lekòl ak rive tounnen granmoun pwodiktif. Nan divè fason, moun ki gen enkapasite yo fè kontribisyon enpòtan anpil nan sosyete nou. Egzanp moun sa yo enkli Bud Abbott, Harry Belafonte, Thomas Edison, Walt Disney, Temple Grandin, John F. Kennedy, Harriet Tubman, ak yon latriye lòt moun kankou yo.

Lè nou kole zepòl ansanm avek ou pou kreye yon plan etid pou pitit ou, lekòl yo va jwenn tip edikasyon ak sèvis ki pi byen koresponn a tout bezwen pitit ou yo. Sipò ou ap ede lekòl la tou enplimante plan an ak fè tout ajisteman nesesè yo pou garanti siksè. Se pa yon grenn modèl ki sèvi tout bezwen yo. Kidonk, se pou nou tout travay di ansanm pou jwenn sa ki pi byen mache pou chak timoun endividyèl.

Sistèm la ap fonksyone! Nou gen bon jan rezon pou selebre nan la Florid ak tout sa timoun enkapasite yo **reyisi akonpli**. Chak ane, pi fò pati elèv nou yo ranpli pwen de referans enpòtan yo, enkli:

- Pase swa yon pati oubyen tout jounen eskolè a nan klas edikasyon jeneral, kote yap aprann kòtakòt ak elèv klas ki pa gen enkpasite yo.
- Pran ak pase tout egzamen estanda yo kankou, FCAT la oswa Florida Alternate Assessment
- Gradye high school ak antre nan tout pwogram edikasyon aprè segondè yo

Liv sa a ap entwodwi w ba edikasyon pou elèv eksepsyonèl (ESE) la Florid. Se pi bon fason pou komanse epi tou, lap gide w nan tout sous enfòmasyon pi detaye yo ak anpil lòt resous yo.

Salitasyon,

Monica Verra-Tirado

MONICA VERRA-TIRADO, ED.D., CHIEF
*Bureau of Exceptional Education and Student Services*

325 W. GAINES STREET • SUITE 614 • TALLAHASSEE, FL 32399-0400 • (850) 245-0475 • www.fldoe.org

# Tab Matyè yo

**Entwodiksyon ........ 1**

**Chapit 1—Rezime ........ 3**

Lwa konsènan Edikasyon Timoun Enkapasite yo ........ 5

Dosye Elèv yo ........ 6

Bwote al abite nan yon lòt Konte ........ 7

**Chapit 2—Rezoud Pwoblèm/Reyaksyon a Entèvansyon (PS/RtI) ........ 9**

**Chapit 3—Pwosesis Evalyasyon ........ 11**

**Chapit 4—Detèmine Elijibilite ........ 15**

**Chapit 5—Plan Edikasyonèl Endividyèl ou Individual Educational Plan (IEP) ........ 19**

Konsantman pou Sèvis yo ak Plasman ........ 25

Aprè̀s IEP a ak Konsantman ........ 25

Sous Sèvis yo ........ 26

**Chapit 6—Revizyon Anyèl IEP a ........ 27**

**Chapit 7—Reevalyasyon ........ 29**

**Chapit 8—Garanti Pwosedi yo (Dwa yo ak Responsabilite yo) ........ 31**

Garanti Pwosedis yo ........ 32

Pazaswiv pou Rezoud Pwoblèm yo ........ 34

Rezolisyon Dispit ........ 35

Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan ........ 40

Disiplinn Timoun Enkapasite yo ........ 41

Dosye Lekòl yo ........ 44

**Chapit 9—Konsève Dokiman ........ 47**

Fòm Opsyonèl yo ak Fèy Bouyon yo ........ 47

Konsènan Pitit ou ........ 51

Kijan pou Òganize Dosye Lekòl Pitit ou ........ 53

Lis Kontak pou Lekòl ak Distri ........ 55

Rejis Kontak ........ 57

Enfòmasyon Konsènan Pwogrè Pitit ou ........ 59

Rezolisyon Pwoblèm ........ 63

Dokimantasyon Rezolisyon Pwoblèm ........ 65

Dokimantasyon Evalyasyon Lekòl Piblik yo ........ 71

Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan ........ 75

Fèy Bouyon Planing IEP ....................79
Fèy Bouyon Planing pou Tranzisyon ....................81

**Anèks A—Kote pou jwenn Èd (Anyè) .................... 83**
Kontak Lokal yo ....................83
Kontak Leta yo ....................83
Kontak Nasyonal Yo ....................87

**Anèks B—Glosè .................... 91**

**Anèks C—Modèl Lèt yo .................... 103**
Modèl Lèt pou mande yon Evalyasyon Endividyèl ....................104
Modèl Lèt pou mande yon Reyinyon Revizyon IEP ....................105
Modèl Lèt pou mande Lekòl la Chanje yon Desizyon ....................106
Modèl Lèt pou mande yon Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan ....................107
Modèl Lèt pou mande Lekòl la Chanje Dosye yo ....................108
Modèl Lèt pou mande Kopi tout Dosye Edikasyonèl yo ....................109

**Anèks D—Modèl Fòm IEP .................... 111**

# Entwodiksyon

Liv sa a fèt pou tout paran timoun la Florid ki gen bezwen espesyal nan aprantisaj akòz de yon ***enkapasite***. Si w responsab yon timoun—antan ke paran, granmoun li, paran adopti, oswa leta ba w gadel—epi ou panse pitit ou gen yon enkapasite ki mande ansèyman espesyal oswa sipò, liv sa a ap itil ou anpil.

Nan la Florid, yo rele timoun ki nan lekòl piblik ki gen pwoblèm espesyal pou aprann akòz de yon enkapasite ***elèv eksepsyonèl yo***. Èd espesyal yo resevwa lekòl rele ***edikasyon pou elèv eksepsyonèl oswa exceptional student education***, ***ESE***. Bi ESE se ede chak elèv enkapasite fè pwogrè lekòl ak prepare pou lavi aprè lekòl. Tout sèvis ESE kab ofri metòd ansèyman espesyal ak materyo, aparèy teknik, terapi, transpò espesyal, oswa lòt tip sipò. Sèvis ESE pap koute paran yo pa menm senkòb.

Liv sa a eksplike pwosesis ESE ansanm ak tout lide kle yo nan lwa federal ak lwa leta ki gouvènen ESE a. Li founi w ak enfòmasyon de baz sèlman. Li pa kouvri tout sitiyasyon pou chak timoun e li pa la pou bay konsèy legal. Si pitit ou resevwa sèvis ESE, enfòmasyon sa a va ede w travay ansanm ansanm ak lekòl la antan ke manm ekip edikasyonèl la. Ou ba oblije li tout liv la nèt al kole yon sèl kou. Tab matyè yo va ede w jwenn enfòmasyon ou bezwen an.

Pwogram ESE kab kreye anpil konfizyon, epi tou, ou kab gen difikilte pou konprann mo oubyen konsèp yo itilize nan liv la oswa nan reyinyon lekòl yo. Si sa ta fèt, ale nan Anèks B a, ki gen yon glosè mo ak tèm ke yo pi souvan itilize nan langaj edikasyon eksepsyonèl. Tout mo ki ekri nan liv la an ***gwo karaktè ak italik*** gen definisyon yo nan glosè a.

Ofiramezi wap li, wap gen kesyon adisyonèl. Pèsonèl lekòl pitit ou an oswa anplwaye biwo ESE distri eskolè ki koresponn ou an kab reponn tout kesyon ou yo. Ou kab jwenn enfòmasyon adisyonèl tou ansanm ak ebdomadè yo sou sit web Bureau of Exceptional Education and Student Services (BEESS) nan paj: http://www.fldoe.org/ese.

# Chapit 1—Rezime

Kab gen yon dal siy ki endike ke pitit ou bezwen èd ak atansyon adisyonèl nan lekòl. Pa egzanp, pitit ou ka gen:

- Pwoblèm Sante
- Pale diferan de lòt timoun menm laj avèl
- Aji kankou yon moun kiraz oswa fè parès
- Prete atansyon ak gwo difikilte
- Pran plis tan pou aprann matyè lekòl pase lòt timoun menm laj avèl
- Mache oswa bouje fason diferan de lòt timoun menm laj avèl
- Gen difikilte pou wè, tande, oswa kominike ak lèzòt

Nan la Florid, lè yon timoun demontre ke li gen difikilte nan lekòl, yon gwoup espesyal mete an mach yon pwosesis pou rezoud pwoblèm la. Tout manm gwoup la idantifye tout difikilte yo epi yo fè chanjman nan estrateji ansèyman an (***entèvansyon yo***) kap koresponn a tout bezwen timoun la. Antan ke paran, ou gen enfòmasyon enpòtan konsènan pitit ou. Kidonk, yo ankouraje patisipasyon ou nan gwoup ki la pou rezoud pwoblèm la. Bi ekip la se jwenn divè fason pou ede pitit ou reyisi nan lekòl.

Ofiramezi yo mete an plas divè estrateji, ekip la ap siveye pwogrè timoun la epi tou, lap pran tout desizyon ki gen pou pran konsènan chanjman tip oswa entansite entèvansyon yo. La Florid founi plizyè nivo èd pou timoun, oswa ***yon sistèm sipò a plizyè etap/multi-tiered system of supports*** (MTSS). Pwosesis pou ***Rezoud Pwoblèm/Problem-solving/Reyaksyon a Entèvansyon/Response to Intervention*** (PS/RtI) fèt pou asire ke chak timoun resevwa tip ansèyman ki satisfè tout bezwen liyo.

Enfòmasyon nou jwenn atravè pwosesis kontinyèl PS/RtI la ede ekip la deside si pou li ta ***voyel*** fè yon ***evalyasyon*** pou chache konnen si timoun la gen yon enkapasite. Timoun ki bezwen klas entansif kontinyèl oswa klas espesyal nan lekòl akòz de yon enkapasite kalifye pou resevwa edikasyon eksepsyonèl. Se sa yo rele souvan ESE. Pafwa yo relel ***edikasyon espesyal/special education****.*

Pou resevwa sèvis ESE nan la Florid, pitit ou fèt pou ranpli tout egzijans omwen youn nan kategori ki tonbe anba ***eksepsyonèl*** ki parèt anba e ki mande ansèyman espesyal ansanm ak tout ***sèvis ak lyen komen yo***. Pafwa Pwofesè yo sèvi ak akwonim nan jagon pou elèv eksepsyonèl yo, kidonk, nou founi yo tou.

- ***Twoub Gam Otism/Autism spectrum disorder*** (ASD)
- ***Soud oswa ki pa tande byen/Deaf or hard-of-hearing*** (DHH)
- ***Retade mantal/Developmentally delayed***, pou timoun de twa a senkan sèlman (DD)
- ***Soud ak Bèbè/Dual-sensory impaired*** (deaf-blind) (DSI)

- ***Enkapasite Emosyonèl oswa nan Konpòtman/Emotional or behavioral disabilities*** (EBD)
- ***Entène lopital oswa fèmen nan kay akòz maladi/Homebound or hospitalized*** (HH)
- ***Enkapasite entelektyèl/Intellectual disabilities*** (InD)
- ***Enfimite nan zo ak misk/Orthopedic impairment*** (OI)
- ***Lòt maladi/Other health impairment*** (OHI)
- ***Chòk blesi nan kràn/Traumatic brain injury*** (TBI)
- ***Enkapasite byen Espesifik nan aprantisaj/Specific learning disabilities*** (SLD)
- ***Difikilte nan pale/Speech impairment*** (SI)
- ***Difikilte nan langaj/Language impairment*** (LI)
- ***Difikilte pou wè/Visually impaired*** (VI)
- ***Timoun dwe/Gifted*** *

  ***** Nan la Florid, timoun ki aprann vit epi ki ranpli tout egzijans yo resevwa sèvis ESE pou timoun dwe. Liv sa a pa gen pou wè ak sèvis pou timoun ki dwe. Pou enfòmasyon sou edikasyon pou elèv ki dwe yo vizite paj web [http://www.fldoe.org/bii/Gifted_Ed](http://www.fldoe.org/bii/Gifted_Ed) oswa kontakte distri eskolè lokal ki koresponn ou an.

Wap jwenn definisyon kritè pou kalifye yo, oswa tout egzijans yo, pou chak kategori eksepsyonèl yo ki mansyone anlè a nan lwa ak règleman la Florid yo. Gen timoun ki gen yon sèl enkapasite tandiske ke gen lòt ki gen plis de youn. Yon timoun ak yon enkapasite kab bezwen yon ti kal èd tou piti. Tandiske yon lòt timoun kab bezwen plis sèvis paske bezwen liyo pi entans. Gen timoun ka va bezwen sèvis ESE pou yon ti bout tan tou kout sèlman. Gen lòt menm, kap bezwen èd sa a pandan tout lane eskolè yo.

Se pa tout timoun ki gen menm enkapasite a ki gen menm bezwen yo oswa egzije menm sèvis yo. Sèvis ESE yo la pou bay chak timoun èd espesyal yo bezwen an.

Gen omwen sis pa nan pwosesis planing ak tout sèvis ESE founi ba pitit ou:

- Evalyasyon
- Detèminasyon Elijibilite
- Devlopman premye ***plan edikasyonèl endividyèl***
- ***Konsantman*** pou resevwa sèvis yo
- Revizyon Anyèl yo
- ***Reevalyasyon yo***

Tout pa sa yo dekri an detay nan liv sa a. Chak distri eskolè kab gen yon fason lejèman diferan sou kijan yo enplimante pwosesis sa a. Travay ansanm ak lekòl pitit ou a chak etap. Bay enfòmasyon, poze kesyon, fè sijesyon, ak ede pran desizyon yo. Pou plis enfòmasyon sou dwa w yo nan chak etap pwosesis la, ale nan Chapit 8.

## Lwa konsènan Edikasyon Timoun Enkapasite yo

Gen plizyè lwa federal ak leta enpòtan konsènan edikasyon timoun enkapasite yo. Lwa sa yo la pou asire ke pitit enkapasite ou an resevwa tout sèvis edikasyonèl yo bezwen. Lwa sa yo òganize daprè sis prensip sa yo:

**1 Patisipasyon Paran ak Elèv**

Lwa yo klè e yo di ke w, antan ke paran, ou gen lapawòl nan tout konvèsasyon ak desizyon ki ta gen rapò ak edikasyon pitit ou. Ofiramezi pitit ou ap pran laj, ***patisipasyon*** li jwe yon wòl enpòtan tou. Ofèt, youn fwa pitit ou gen 14 zan (oubyen pi jenn, si li ta apwopriye), yo fè yo patisipe nan reyinyon yo pou yo ede pran tout desizyon ki gen rapò ak edikasyon yo.

**2 Evalyasyon Adekwa**

Anvan menm yo deside si pitit ou ***kalifye*** pou resevwa edikasyon eksepsyonèl, yon ekip moun fèt pou fè yon ***evalyasyon endividyèl*** sou entansite konesans liyo ak tout bezwen edikasyonèl liyo. Evalyasyon an ap mezire kijan pitit ou reponn a ansèyman ansanm ak entèvansyon yo aong tèm, entèvyou yo, obsèvasyon, ak yon analiz tout enfòmasyon konsènan pitit ou ansanm ak tout bezwen edikasyonèl liyo. Evalyasyon an enkli pafwa egzamen administre pa espesyalis, kankou yon sikològ oswa yon ***òtofonis***. Lalwa konfere w yon dal garanti pou asire ke yon fwa pitit ou fin idantifye kom timoun ki gen yon enkapasite, yo tounnen reevalyel detanzantan pou verifye si pitit ou kontinye gen menm enkapasite a ak si yo ta fèt pou chanje pwogram edikasyonèl la oswa sèvis yo.

**3 Plan Edikasyonèl Endividyèl/Individual Educational Plan (IEP)**

Yon ***IEP*** se yon akò a lekri ki di w, li di pitit ou, pwofesè liyo, ansanm ak tout lòt pèsonèl lekòl ak pouvwayè sèvis yo ki tip sèvis lekòl la pral founi pou ede pitit ou ranpli tout bezwen edikasyonèl liyo.

**4 Edikasyon Gratis, Piblik ak  Adekwa/Free Appropriate Public Education (FAPE)**

Chak elèv ki resevwa sèvis ESE yo gendwa resevwa yon ***edikasyon gratis, piblik ak Adekwa/free appropriate public education***. Ki vle di, distri eskolè piblik lokal la fèt pou founi sèvis ki deziye pou ede timoun la satisfè tout ***bi anyèl yo/annual goals*** ak fè pwogrè nan ***kourikoulòm jeneral la*** san ou pa gen pou peye senkòb.

Si pitit ou gen yon enkapasite, li abite laFlorid,li gen omwen twazan daj ak li pako atenn 22 zan, epi li satisfè tout ***kritè pou kalifye yo***, ak li pako gradye highschool ak yon ***diplòm nòmal***, li gendwa resevwa sèvis edikasyon eksepsyonèl nan men distri eskolè piblik lokal la.

**5 Anviwònman ak mwens Restriksyon/Least Restrictive Environment (LRE)**

Timoun enkapasite yo, otan fwa ke posib, fèt pou resevwa ansèyman nan lekòl ak nan klas yo ta va asiste kom si yo pat enkapasite. Ki vle di, lekòl pitit ou an fèt pou konsidere èd ak

sipò ka va ede pitit ou ale nan sal klas nòmal nan zòn lekòl ki koresponn liyan anvan yo deside plasel nan yon ***plasman*** ki gen plis restriksyon.

**6 Garanti tout Pwosedi yo**

Pèsonèl Lekòl la ak distri yo fèt pou swiv sèten pa pou asire yo ke edikasyon eksepsyonèl elèv yo ansanm ak tout sèvis konplemantè yo satisfè tout bezwen patikilye chak elèvenkapasite ki nanlekòl pibli. Dwa paran yo, sizoka ta gen yon dezakò, pou asire ke yo mete tout pa sayo an mach rele ***garanti pwosedi yo.***

Lwa ansanm ak règ ki aplike nan edikasyon timoun ak enkapasite yo dekri nan plizyè pati nan liv sa a. Lwa ak règ pi enpòtan yo se:

- ***Lwa Endividi ak Enkapasite yo/The Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)***
- Lwa ak Entimite Edikasyonèl Lafanmi/The Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)
- Lwa pou Ameriken Enfim yo/The Americans with Disabilities Act (ADA)
- Atik 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la/Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973

An plis de sa, ou kab jwenn toutenfòmasyon sou lwa federal, leta ansanm ak tout règlemantasyon distri eskolè yo nan adrès ki swiv anba la a:

- *Volume I-B: Florida Statutes and State Board of Education Rules* pou edikasyon elèv eksepsyonèl yo, ke w kab jwenn sou entènèt nan adrès http://www.fldoe.org/ese/pdf/1b-stats.pdf
- Chak dokiman *ESE Policies and Procedures* (SP&P) distri eskolè lokal, ke wap jwenn sou entènèt nan http://www.fldoe.org/ese/ppd.asp
- IDEA sit web Pati B, ke wa va jwenn sou entènèt nan http://idea.ed.gov/explore/home
-

**Nòt:** Si pitit ou nan lekòl prive epi w panse ke li gen yon enkapasite, distri eskolè piblik la va evalye pitit ou si w ta mande yo fè yon evalyasyon ESE. Si evalyasyon an pwouve pitit ou gen yon enkapasite, li ta kab kalifye pou resevwa sèvis nan men sistèm lekòl piblik la. Mèzalò, timoun ki plase pa paran liyo nan lekòl prive pap gendwa resevwa tout dwa ke nou debat nan liv la. Ou ka rele ***administratè ESE a*** nan biwo distri eskolè lokal ki koresponn ou an pou jwenn plis enfòmasyon konsènan tèm sa a.

## Dosye Elèv yo

Kenbe tout nòt nan dosye pèsonèl ou ap itil ou anpil, lap itil pitit ou ak lekòl la. Sa ap fasilite prezans ou nan reyinyon ak lè pou pale ak pèsonèl lekòl la. Lap sèvi ou tou, pou sizoka ou ta bwote al abite nan yon lòt konte oswa leta. Kenbe tout enfòmasyon ou resevwa ki konsènen pitit ou. Kankou:

- Rezilta ak kanè Leta ak tès distri yo (e.g., FCAT or FCAT 2.0)
- Plan Edikasyonèl pou pitit ou—IEPs, ansanm ak ***individualized family support plans*** (***IFSPs***) ***Plan sipò Lafanmi Endividyèl***
- Kanè oswa rapò sou pwogrè timoun la
- Modèl travay pitit ou
- Tout rapò Evalyasyon yo
- Tout Lèt oswa  emails ou resevwa de lekòl la oswa de pwofesè pitit ou yo
- Tout fòm Konsantman lekòl la mande w siyen
- Tout Dosye yo oswa rapò doktè yo oswa rapò lòt moun ki pa fè pati lekòl la men ki travay ansanm ak pitit ou
- Tout Lèt, emails, oswa lòt enfòmasyon ajans yo kankou Depatman Edikasyon la Florid/the Florida Department of Education (FDOE) oubyen/Depatman Timoun ak Fanmi La Florid/the Florida Department of Children and Families (DCF)
- Tout Kopi lèt yo oswa nòt yo ke w janm voye ba lekòl la oswa pwofesè pitit ou.
- Tout Nòt ak dat apèl telefonik yo, reyinyon yo, ak vizit yo.
- Lòt enfòmasyon ki ta gen rapò ak edikasyon pitit ou.

Chapit 9 gen enfòmasyon ladann ka va ede w òganize tout dosye pitit ou yo.

## Bwote al abite nan yon lòt Konte

Timoun ki kalifye pou resevwa sévis ESE nan men youn nan distri eskolè la Florid kalifye pou resevwa sèvis ESE nenpòt ki kote nan la Florid. Anvan ou bwote, ou ta fèt pou fè bagay sa yo:

- Enfòme ansyen lekòl pitit ou kote wap bwote epi mande yo pou yo voye tout dosye timoun la ba nouvo lekòl la touswit.
- Kontakte nouvo lekòl la le pli vit posib ak eksplike pèsonèl lekòl la tout bezwen espesyal pitit ou genyen.
- Pote tout kopi dosye lekòl pitit ou ba nouvo lekòl la, enkli rapò evalyasyon IEP pi resan an ak rapò evalyasyon an.

# Chapit 2—Rezoud Pwoblèm/Reyaksyon a Entèvansyon (PS/RtI)

Si pitit ou gen difikilte lekòl, pwofesè klas la ap chache divè mwayen pou edel reyisi pi byen. Ou menm ansanm ak pwofesè a kab reyini pou eseye rezoud pwoblèm la ansanm. Se kab pwoblèm akademik, pwoblèm konpòtman, oubyen toulède. Si sitiyasyon an pa amelyore, swa w oubyen pwofesè a kab mande èd nan men youn nan manm gwoup lekòl la. Ou menm, antan ke paran ou fè pati ekip sa a.

Ekip sa a va ede nan planifikasyon ak enplimantasyon ***entèvansyon yo*** ka pi vit ede pitit ou atravè ansèyman espesyal oswa divè estrateji pou jere konpòtman li. Yo kab mande w pou prezante nan reyinyon yo, bay opinyon ou, oubyen ede kèk lòt fason.

Ekip la va swiv reyaksyon pitit ou a entèvansyon yo. Enfòmasyon ekip la va konpile ak itilize pou deside si entèvansyon yo ap bay rezilta rele ***done de reyaksyon a entèvansyon***. Yap mete tout done yo sou yon dyagram pou ba w yon imaj vizyèl pwogrè elèv la. Wap jwenn kopi gratis nenpòt ki dyagram oswa rapò lekòl la ta devlope sou reyaksyon pitit ou a entèvansyon an. Ekip la ap sèvi ak enfòmasyon a pou deside chanjman ki ta fèt pou fèt nan tip oswa entansite entèvansyon yo. Pwosesis sa a rele ***rezoud pwoblèm***/***problem-solving***.

Lè yon timoun gen difikilte lekòl, pafwa paran yo bay sipò adisyonèl lakay pou ede pitit yo. Li enpòtan pou fè lekòl la konnen ki sa ki mache lakay. Si w ta renmen aprann kijan pou bay sipò adisyonèl yo lakay pou ede pitit ou reyisi, mande swa pwofesè pitit ou oswa direktè lekòl la enfòmasyon. Pèsonèl lekòl la kab founi w ak estrateji espesifik oswa aktivite ke w ka fè lakay pou ede pitit ou ogmante aptitid li bezwen yo pou reyisi lekòl. Pèsonèl lekòl la kab montre w tou, kijan pou fè aktivite yo.

Rezoud pwoblèm se yon pwosesis kontinyèl pou chache jwenn estrateji ki mache pi byen pou pitit ou. Ou kab itilize plizyè nivo entèvansyon pou ede pitit ou. ***La Florid rele sa yon sistèm sipò a plizyè etap/multi-tiered system of supports.***

Ka rive yon moman pandan pwosesis RtI lakote gwoup la fin pa wè ke pitit ou pap fè pwogrè ase oubyen entansite sipò timoun la bezwen fè ekip la sispèk ke pitit ou bezwen edikasyon elèv eksepsyonèl ansanm ak tout sèvis konplemantè yo. Lè sa a, ekip la ta kab sijere yon ***evalyasyon*** adisyonèl pou chache konnen si pitit ou kalifye pou ESE.

Ekip la deside ki pwosedi evalyasyon espesifik pou li itilize. Si lekòl la refere pitit ou pou yon evalyasyon yap di w kilè ak pou ki rezon yo referel. Ou fèt pou bay otorizasyon alekri pou yo evalye pitit ou.

Si w panse pitit ou gen yon enkapasite epi li bezwen sèvis yo, ou kab mande yon evalyasyon endividyèl nenpòt ki lè. Si se w ki fè rekèt la, ekri non moun ou te pale avek la ansanm ak dat la. Li pi bon pou fè demann pou evalyasyon a alekri epi kenbe kopi lèt la.

Lè w mande pou yo evalye pitit ou, pèsonèl lekòl la va ba w yon kopi ***garanti pwosesis*** yo ansanm ak yon ***avi alekri*** kap di w:

- Ke yo pral fè evalyasyon pitit ou oubyen yo deside pa fè evalyasyon pitit ou
- Pou ki rezon yo deside evalye ou pa pitit ou
- Tip evalyasyon, ***evalyasyon yo***, dosye yo, oswa rapò yo itilize pou pran desizyon an
- Nenpòt ki lòt opsyon yo te konsidere ak poukisa yo pat chwazi opsyon sa yo
- Ke daprè IDEA ou gen sèten dwa
- Kijan pou jwenn èd pou konprann ***avi a*** ansanm ak pwosesis evalyaysyon a



Foto koutwazi de: Hemera/Thinkstock

# Chapit 3—Pwosesis Evalyasyon

Pwosesis evalyasyon a se yon fason pou rasanble enfòmasyon sou tout bezwen aprantisaj timoun la, solidite konesans liyo, ak enterè liyo. Moun kap fè evalyasyon an ap eseye reponn tip kesyon sa yo osijè de pitit ou:

- Kisa pitit ou fè pi byen?
- Kisa pitit ou konnen oubyen pa konnen?
- Ki tip entèvansyon yo deja eseye ak ki te reyaksyon pitit ou?
- Kijan pitit ou aprann pi byen?
- Ki bezwen endispansab pitit ou genyen pou li aprann?
- Eske pitit ou gen konpòtman ki entèfere ak aprantisaj li oswa kapasite pou li fè zanmi?
- Eske pitit ou genyen yon enkapasite?

Ou fèt pou bay otorizasyon ou alekri anvan yo kab fè yon evalyasyon endividyèl pou pitit ou. Pèsonèl lekòl la ap mande w siyen yon fòm konsantman pou montre ke w dakò ak evalyasyon an. Lekòl la va di w, a lekri bagay ki swiv yo:

- Kisa yo gen lentansyon fè pandan evalyasyon an
- Poukisa yo panse pitit ou ta fèt pou evalye
- Nenpòt ki lòt opsyon pèsonèl lekòl la te konsidere ak poukisa yo pa chwazi opsyon sa yo
- Kijan pou jwenn èd pou konprann fòm konsantman an ansanm ak pwosesis evalyasyon an

Lekòl la ap ba w tou yon kopi dokiman, *Pati B, Avi Garanti Pwosesis pou Paran Elèv Enkapasite yo/Notice of Procedural Safeguards for Parents of Students with Disabilities*, ki eksplike tout dwa w yo antan ke paran yon timoun ki swa genyen oubyen ke yo sispèk ki gen yon enkapasite.

Evalyasyon an fèt pou pran an konsiderasyon tout domèn kote pitit ou ta ka gen bezwen yo. Li fèt pou gade pitit ou plizyè fason. Men kèk fason kijan yo ta ka evalye pitit ou:

- Obsève pitit ou ap travay
- Tcheke sante pitit ou
- Pale ak pitit ou
- Pale ansanm avek ou de bagay pitit ou fè lèl lakay ak kijan li te ye lèl te pi jenn
- Revize dosye lekòl pitit ou (enkli dokimantasyon pwosesis sou kijan pou rezoud pwoblèm)
- Bali egzamen endividyèl
- Eseye ***asistans aparèy teknolojik yo*** ansanm ak pitit ou

Evalyasyon ap fèt espesyalman pou pitit ou epi li fèt pou koresponn a bezwen liyo. Ki vle di evalyasyon a va:

- Itilize tès ke yo konsevwa pou timoun kankou pitit ou
- Pa pwojte yon fòs enpresyon oswa enpresyon enjis de pitit ou poutèt ras li oswa kilti li
- Pou li ekri nan lang ak fòm ki ta pi vit demontre sa pitit ou konnen ak kab fè
- Bay pitit ou tout opòtinite pou li demontre sa li konnen ak sa li ka fè

Kab gen plis de yon mounkap ede fè evalyasyon sa a. Men egzanp de moun ki kab patisipe yo:

- Ou menm(paran a)
- Pwofesè yo
- ***Terapis Reyabilitasyon*** oswaterapis ***fizik yo***
- ***Sikològ Lekòl yo***
- Doktè yo oswa enfimyè yo
- ***Asistan Sosyal Lekòl yo***
- ***Òtofonis yo***
- Odyolojis yo (Espesyalis nan tande)
- Espesyalis nan ***Asistans Teknolojik*** yo



Foto koutwazi de: Creatas/Thinkstock

Ou jwe yon wòl enpòtan nan pwosesis evalyasyon an. Ou kab ede aleje tout krent pitit ou santi konsènan tès yo oswa lòt evalyasyon yo. Ou kab bay enfòmasyon sou pitit ou ke pèsòn lòt moun pa fouti genyen, kankou enfòmasyon konsènan:

- Dosye medikal pitit ou
- Devlopman pitit pandan tout lane yo
- Ki reyaksyon pitit ou lakay konsènan okipe pwòp tèt li, kijan li kominike ak lèzòt, ti travo menaje yo ak fè devwal
- Kijan li antann li ak granmoun ansanm ak lòt timoun
- Tout enterè pitit ou, aptitid liyo, ak tout espwa li genyen yo pou lavni

Yo kab chache enfòmasyon pou evalyasyon an nan men lòt moun ki travay ansanm ak pitit ou an deja nan le pase. Pafwa lekòl la kab sèvi ak evalyasyon pitit ou ki fèt pa swa lòt lekòl oubyen lòt ajans yo. Lekòl la ap mande w bay otorizasyon alekri pou pataje enfòmasyon sa ak lekòl la.

Yon fwa ou fin bay otorizasyon ou alekri pou evalyasyon inisyal la, rasanblaj enfòmasyon ak evalyasyon pitit ou fèt pou konplete nan 60 jou eskolè. 60 jou sa yo pa enkli jou lè pitit ou pa lekòl. Li enpòtan pou pitit ou ale lekòl chak jou pou yo ka konplete evalyasyon a pi vit posib.

# Chapit 4—Detèmine Elijibilite

Aprè yo fini ak evalyasyon an, lekòl la ap envite w pou prezante nan yon reyinyon espesyal, ke yo rele souvan ***elijibilite pèsonèl la/eligibility staffing***. Lè w resevwa envitasyon an, wap gen kat chwa. Ou kab:

- Prezante nan dat ak lè yo sijere a
- Mande pou yo ranvwaye reyinyon a epi sijere lòt dat ak lè ke w ka prezante
- Mande pou patisipe pa telefòn  (apèl konferans)
- Deside ke li pap posib pou prezante epi bay lekòl la otorizasyon pou yo fè reyinyon yo epi ya va pale avek ou de rezilta yo aprè (Si se opsyon sa a ou chwazi, lekòl la fèt pou li voye tout kopi tout rapò ak kelkeswa fòm yo konplete pandan reyinyon an.)

Li enpòtan pou pare pou reyinyon an. Revize tout dosye w yo ak pran nòt pou prezante nan reyinyon an. Sa va ede w sonje enfòmasyon enpòtan ke w ta renmen pataje ak tout kesyon ou ta renmen poze yo.

Yon gwoup moun de lekòl la oswa distri eskolè a ap prezan nan elijibilite pèsonèl la/eligibility staffing. Li kab enkli:

- Direktè oswa Administratè Lekòl la
- Espesyalis Pèsonèl la
- Pwofesè ESE
- Konseye Oryantasyon an
- Òtofonis la
- Pwofesè klas nòmal
- Sikològ Lekòl la
- Tout lòt espesyalis ki travay ak pitit ou pandan pwosesis evalyasyon an

Nan reyinyon an, tout evalyatè yo oswa pèsonèl lekòl la va eksplike evalyasyon yo ak pale de rezilta yo avek ou. Ekip moun yo—ou menm enkli—va detèmine si pitit ou kalifye pou sèvis ESE yo. Men kesyon ou ta ka konsidere poze yo:

- Eske te gen kèk sikonstans espesyal pandan tès la ki ta ka afekte pèfomans pitit mwen an?
- Kijan rezilta tès pitit mwen an konpare ak pa lòt timoun?
- Kijan rezilta tès pitit mwen an konpare ak ansyen nòt nan tès ki sanble ak sa a?
- Sa rezilta yo bay konsènan kijan pitit mwen aprann pi byen?
- Eske gen rekomandasyon estrateji pou ede pitit mwen reyisi nan kourikoulòm ***edikasyon jeneral la?***

Dabò, yon timoun kalifye pou resevwa sèvis sèl si yo satisfè youn nan kritè pou kalifye nan ***Règ Edikasyon Nasyonal yo/State Board of Education Rules*** pou ESE, ki parèt anba a:

- Twoub gam Otism/Autism spectrum disorder (ASD)
- Soud oubyen pa tande byen/Deaf or hard-of-hearing (DHH)
- Retade nan devlopman/Developmentally delayed (three through five years old only) (DD)
- Soud ak Avèg/Dual-sensory impaired (deaf-blind) (DSI)
- Enkapasite Emosyonèl oswa nan konpòtman/Emotional or behavioral disabilities (EBD)
- Entène lopital oswa fèmen nan kay akòz maladi/Homebound or hospitalized (HH)
- Enkapasite Entelektyèl/Intellectual disabilities (InD)
- Enkapasite Langaj/Language impaired (LI)
- Difikilte pou mache/Orthopedic impairment (OI)
- Lòt maladi/Other health impairment (OHI)
- Sibi yon chòk ak blesi nan kràn/Traumatic brain injury (TBI)
- Enkapasite byen Espesifik nan aprantisaj/Specific learning disabilities (SLD)
- Difikilte nan pale/Speech impairment (SI)
- Difikilte nan langaj/Language impairment (LI)
  Difikilte pou wè/Visual impaired (VI)

Dezyèmman, ekip la fèt pou detèmine si pitit ou bezwen ansèyman espesyal ansanm ak tout sèvis konplemantè yo pou koresponn ak enkapasite a. Ekip la va reponn a yon seri kesyon ka va ede ou konprann si pitit ou kalifye pou ESE a ak etabli baz pou ***plan edikasyonèl endividyèl la***. Kesyon yo enkli:

- Ki kalite ansèyman espesyal enkapasite pitit ou a mande?
- Ki kalite bezwen espesyal nan konpòtman pitit ou a mande?
- Eske pitit ou bezwen assistans teknolojik akòz de enkapsite liya?
- Eske pitit ou bezwen tout sèvis lyen komen yo oswa ***èd siplemantè*** yo pou li ta ka benefisye de edikasyon espesyal la?

Ekip la va sèvi ak rapò evalyasyon yo, dosye medikal yo, rapò pwogrè lekòl yo, tout rezilta tès yo, enfòmasyon kap sòti nan pwosesis Rtl la sou evolisyon pwogrè a, ansanm ak kelkeswa enfòmasyon ou ta founi pou deside si pitit ou kalifye pou resevwa sèvis ESE yo. Ou gendwa jwenn tout kopi evalyasyon yo ak rapò yo gratis. Ou gendwa tou, mande pou yo eksplike w tout rapò yo ak evalyasyon yo. Asire w byen ke w kenbe tout kopi rapò evalyasyon yo nan katab w oswa nan kaye w.

Ekip la va deside youn nan sa ki swiv yo:

- Pitit ou kalifye pou resevwa sèvisESE yo. Ekip la va devlope yon IEP pou konnen tip sèvis lekòl la ap ofri pitit ou.

- Pitit ou pa kalifye pou resevwa sèvis ESE yo. Mèzalò, pwosesis pou rezoud pwoblèm la ap kontinye. Si pitit ou kontinye ap lite, lekòl ap kontinye kolabore avek ou pou jwenn mwayen pou ede w. Si pitit ou amelyore, lekòl va kontinye swiv pwogrè li pou asire ke pitit ou kontinye reyisi.
- Pitit ou pa kalifye pou resevwa sèvis ESE yo, men akòz enkapasitel li bezwen tout ***aranjman espesyal yo***. Ya va idantifye tout aranjman yo nan sa yo rele ***plan 504 la.*** Wap jwenn enfòmasyon adisyonèl konsènan tout plan 504 yo sou sit web http://www.fldoe.org/ese/pubxhome.asp.
- Lap nesesè fè evalyasyon adisyonèl paske a gen ase enfòmasyon pou pran yon desizyon.



Foto koutwazi de: George Doyle/Stockbyte/Thinkstock

# Chapit 5—Plan Edikasyonèl Endividyèl ou Individual Educational Plan (IEP)

Chak timoun enkapasite ki kalifye pou resevwa sèvis ESE ap gen yon IEP. Yon IEP se yon plan alekri ka va di w, di pitit ou, tout pwofesè yo, ak lòt pèsonèl lekòl la ki tip sèvis ESE yo lekòl pral bay pitit ou. Pitit ou pap kab resevwa sèvis ESE yo toutotan yo pa devlope premye IEP a ak toutotan ou pa bay otorizasyon ou pou resevwa sèvis yo ak plasman an. Wap jwenn kopi modèl fòm IEP an blan nan Anèks D a. Fòm pou pitit ou a kab yon lòt aspè diferan, men lap genyen menm enfòmasyon an ladann.

Yo devlope IEP yo pandan ***reyinyon ekip IEP yo***. Wap resevwa avi alekri de lekòl la anvan chak reyinyon IEP. Avi a ap fè w konnen jou, lè, ak lye kote yo sijere reyinyon fèt; kilès kap la; ak poukisa yap fè reyinyon an. Pèsonèl lekòl vle ke w patisipe nan redaksyon IEP a. Kidonk, yap eseye jwenn jou, lè ak anplasman ki konvni w. Gen paran ki chwazi patisipe nan reyinyon an pa telefòn. Si w chwazi pou pa patisipe nan reyinyon an, lekòl la kab fè reyinyon ak ekip IEP a san ou. Menm si w pa patisipe wap resevwa kopi IEP a.

Men kèk bagay pou sonje sou IEP a:

- IEP a se yon plan pou pitit ou eksklizivman.
- Yap redije yon sèl IEP alafwa pou pitit ou.
- IEP a  ap dekri tout sèvis pitit ou pral resevwa apati de dat komansman jiska dat tèminal IEP a, kab dire yon lane oswa mwens. Yo fèt pou redije yon nouvo IEP poi pitit ou omwen yon fwa lan.
- Moun ke lekòl la oswa ou menm envite asiste reyinyon ekip IEP a fèt pou gen konesans ak ekspètiz sou pitit ou oswa tip teknoloji li itilize yo. Ou fèt pou bay otorizasyon ou pou lekòl envite moun nan nenpòt ki lòt ajans ki pa fè pati distri eskolè a. Si wap envite yon moun, li ta itil anpil pou fè lekòl la konnen kilès wap envite a.
- Lè w siyen IEP a, sa pa vle di ou dakò avèl. Siyati w sou fòm IEP a vle di ke w te asiste reyinyon ekip IEP a. Li pa vle di ke w bay otorizasyon w pou yo komanse enplimante sèvis yo. Yap mande w siyen yon lòt fòm diferan pou bay otorizasyon pou yo komanse ak sèvis yo pou pitit ou.
- Si w pa dakò ak IEP a, ou kab ekri "mwen pa dakò" nan IEP a akote siyati w.

Ekip la va debat nef atik sa yo nan reyinyon ekip IEP a. Tout desizyon yo ap parèt nan IEP a.

**1. Nivo Aktyèl Akonplisman Akademik ansanm ak Pèfòmans Fonksyonèl**

Definisyon nivo aktyèl la dekri kisa pitit ou kab fè ak ki difikilte li genyen ak matyè akademik yo ansanm ak aptitid fonksyonèl yo. Li kab enkli tou, kijan pitit ou konpòtel oswa kominike ak lezòt. li kab idantifye a ki nivo klas pitit ou ap pèfòme. Ekip IEP a fèt pou konnen kisa pitit ou

konnen lè lap devlope IEP endividyèl pitit ou an. Ekip IEP a fèt pou konnen tou ki enkapasite ki afekte pwogrè li. Enfòmasyon sa a va ede detèmine kisa pitit ou bezwen aprann (bi anyèl pou pitit ou) ak ki tip sèvis yo bezwen.

Men kèk egzanp komantè sou nivo aktyèl yo:

- Daprè rezilta tès lekti distri a, John konprann sa li li a yon nivo de twazyèm (third-grade level).
- Daprè obsèvasyon ni pwofesè yo ni paran yo, Mary frape moun lèl fè kòlè, fache, oswa lèl bezwen èd.
- Daprè obsèvasyon paran yo, Eric ekri lantman men li renmen sèvi ak konpitè a epi li fè plis devwa lè yo pèmèt li sèvi ak konpitè a.

### 2. Bi Anyèl Mezire yo

***Bi anyèl Mezire yo*** eksplike kisa pitit ou bezwen aprann pou li ka fè pwogrè nan kourikoulòm jeneral la ak satisfè tout lòt bezwen yo ki gen rapò ak enkapasitel. Bi sa yo baze sou komantè nivo aktyèl yo. Yon IEP kab gen ladann youn oswa plizyè bi. Yo dekri sa pitit ou ta fèt pou kapab aprann nan yon lane. Yo fèt pou mezire tout bi anyèl yo. Sa vle di ke tout bi yo fèt pou alekri de fason aske alafen lane a, ekip IEP a kab di w si pitit ou aprann sa yo te pwograme pou li aprann la. Tout bi yo fèt pou rezonab tou. Ekip la pa fèt pou fè ni two gwo plan ni ti plan nonplis pou pitit ou.

Men kèk egzanp bi anyèl yo:

- Alafen lane a, John ava li poukont li yon liv nan katriyèm la ak reponn tout kesyon konpreyansyon epi lap fè yon mwayèn de 80 pousan.
- Alafen lane a, Mary ava pale olye frape lèl fè kòlè, fache, oswa bezwen èd 80 pousan nan tan yo.
- Alafen lane a, atravè patisipasyon li nan yon klas tape, Eric ap kab sèvi ak yon konpitè pòtab pou konplete ak remèt 95 pousan nan devwa yo bal fè yo a lè.
- Pou elèv pi gran yo, IEP a ap enkli tout bi ki gen rapò ak tranzisyon elèv la de lavi aprè high school. Wap jwenn enfòmasyon adisyonèl osijè de planing pou tranzisyon elèv ki gen 14 zan daj oswa pi gran nan liv ki rele*Transition Planning for Students with Disabilities: A Guide for Families/ Planing Tranzisyon pou Elèv Enkapasite yo: Yon Gid pou Fanmi yo*, ki disponib sou entènèt oswa atravè BRIC. (Enfòmasyon Kontak pou BRIC andedan kouvèti liv sa a.)

### 3. Pwen de Referans yo oswa Objèktif a Kou Tèm yo

IEP pitit ou an kab gen ladann ***pwen de referans yo*** oswa ***objèktif a kou tèm yo***. Pwen de Referans yo ak objèktif a kou tèm yo egzijib sèlman pou elèv kap pran ***Florida Alternate Assessment (FAA).*** Pou tout lòt elèv se yon opsyon. Se ekip IEP a ka va deside si yap enkli pwen de referans yo ak objèktif a kou tèm yo.

Pwen de referans yo se yon etap enpòtan anpil ant nivo aktyèl pèfomans timoun la ak bi anyèl yo. Objèktif a kou tèm yo menm jan an tou, men nòmalman yo kouvri ti etap pi piti. Mèzalò, anpil moun sèvi ak menm mo an pou di menm bagay la. Pwen de referans yo ansanm ak objèktif a kou tèm yo, kankou bi anyèl yo, fèt pou redije de fason pou li alamezi de tout bezwen pitit ou.

IEP a fèt pou enimere tout pa nesesè yo pou metrize bi ekip IEP a etabli yo, men se pa yon plan leson kotidyen liye. Pwen de referans yo ansanm ak objèktif a kou tèm yo pa fèt pou twò fasil opwen ke pitit ou ta kab fè yo nan youn ou de jou.

**4. Deskripsyon sou Kijan yap Mezire Pwogrè Pitit ou ak Rapòtel ba Paran yo**

Atravè lane a, ou menm ansanm ak lekòl la ap swiv pwogrè pitit ou. IEP a fèt pou li dekri kijan li pral mezire pwogrè pitit ou ap fè pou atenn bi anyèl yo ak kijan yap kenbe w okouran de pwogrè kab fèt la. Lap dekri tou, ak ki frekans wa va resevwa rapò sou pwogrè pitit ou an.

**5. Tout Sèvis ESE yo, Tout Sèvis Konplemantè yo, Tout Sèvis èd yo ak Siplemantè yo, ak Sipò Pèsonèl la**

IEP a dekri chak sèvis ESE, sèvis konplemantè, aranjman espesyal oswa ***modifikasyon***, sipò, oubyen èd siplemantè pou pitit ou. Li kab enimere tou, tit moun ki pral asire ke pitit ou resevwa chak sèvis. Sèvis yo, èd yo, ansanm ak sipò yo se yon asistans ke pitit ou ta ka bezwen pou li kab pwofite de sal aprann lekòl. Gen aparèy ansanm ak sèvis ki pèmèt timoun enkapasite yo resevwa ansèyman ansanm ak timoun ki pa gen enkapasite otan fwa li ta posib. Gen timoun ki pa bezwen sèvis adisyonèl yo, èd yo, oswa sipò yo, tandiske gen lòt ki bezwen plizyè.

Pafwa mèyè fason pou ede pitit ou se lè w ede pwofesè yo. Nenpòt ki sipò yo bay pwofesè pitit ou fèt pou enimere sou lis IEP a tou.

**6. Aranjman Espesyal yo**

Li kab nesesè pou yo fè chanjman nan fason yo anseye oswa teste pitit ou pou li ka fè pwogrè ak montre sa li aprann. IEP a dekri tout chanjman sa yo. Aranjman espesyal yo se de chanjman ki fèt nan **fason** elèv la jwenn aksè a ansèyman ak demontre sa yo konnen. Dabitid Elèv ki bezwen aranjman espesyal yo men ki pa bezwen modifikasyon yo travay pou jwenn yon diplòm nòmal. Yo fè esè ak Aranjman Espesyal yo dabò anvan yo konsidere modifikasyon yo.

Modifikasyon se tout chanjman ki fèt konsènan **kisa** yespere elèv la va aprann. Yo kab gen enkli tout chanjman nan kontni, egzijans yo, ak metrize matyè yo a yon nivo ki te deja prevwa. Tout Modifikasyon yo kab enkli tou finisman pasyèl swa yon klas oubyen satisfè egzijans pwogram la oubyen jwenn klas nan ***tout pwen aksè yo*** pou elèv ki gen kokenn chenn enkapasite entelektyèl. Elèv ki ta bezwen modifikasyon yo kab pa gen posibilite pou akeri yon diplòm nòmal high school.

## 7. Aranjman Espesyal yo pou Administrasyon Evalyasyon a nivo Leta ak Tout Distri yo

IEP a fèt pou li enkòpore tout aranjman espesyal yo pral fè pou pitit ou lè lap pran tout tès evalyasyon a nivo leta oswa distri yo.

Aranjman espesyal pou evalyasyon a nivo leta oswa distri fèt pou mande sèl lè yap administrel nan yon anviwònman sal klas. Si pitit ou ap itilize aranjman espesyal nan klas la ki entèdi pou evalyasyon leta yo, ou fèt pou siyen tout fòm ki dekri aranjman espesyal la epi yo fèt pou di w ki nan ki tès yo pap pèmèt aranjman sa yo.

Men kèk egzanp aranjman espesyal pou tès yo:

- Entèprèt langaj siy pou bay yon timoun ki pa tande tout enstriksyon nesesè pou pran yon tès.
- Pèmèt yon timoun pran yon egzamen twazèdtan an twa seyans separe inèdtan olye yon sèl kou pou twazèdtan.
- Pèmèt yon timoun reponn aloral a tout kesyon yo olye de reponn kesyon yo sou papye ak kreyon oswa sou konpitè kankou tout lòt timoun fè.

Si ekip IEP a ta deside ke pitit ou pap pran yon tès evalyasyon anivo leta oswa distri, IEP a fèt pou enkli eksplikasyon ki di poukisa evalyasyon sa a pa apwopriye pou pitit ou ak ki lòt fason yo pral teste pitit ou. Se sa yo rele ***evalyasyon altènatif***.

## 8. Evalyasyon Altènatif La Florid

Lwa Federal ak lwa Leta yo egzije pou yo enkli tout elèv yo nan tès nasyonal yo. Pifo elèv enkapasite yo pran Tès Florida Comprehensive Assessment Test® (FCAT or FCAT 2.0) ansanm ak tout elèv edikasyon jeneral yo. Sèl yon ti gwoup elèv tou piti ki gen kokenn chenn enkapasite entelektyèl pran Evalyasyon Altènatif la Florid la/Florida Alternate Assessment. FAA se pou tout elèv ki gen enkapasite ki mande enstriksyon entansif dirèk nan aptitid nesesè pou viv nan kominote, pou pran plezi ak tout aktivite ***fòmasyon pwofesyonèl*** yo. Tout elèv ki pran FAA a va travay pou jwenn ***diplòm espesyal*** olye de diplòm nòmal lè yo rive high school.

Si pitit ou ap travay poul jwenn diplòm espesyal, ekip IEP a ap deside kilès nan evalyasyon sa yo pitit ou fèt pou pran.

## 9. Plasman ak Anviwònman ki gen mwens Restriksyon/Least Restrictive Environment (LRE)

Lè Kongrè pase pou premye fwa Lwa 1975 Edikasyon pou tout Timoun Andikape yo (ke yo rele kounyeya IDEA), bi li se te pou asire pou tout timoun enkapasite jwenn aksè a edikasyon adekwa, piblik, gratis. Anvan sa, tout leta yo te gen diferan lwa e se pat tout timoun ak enkapasite ki te kab al lekòl piblik yo.

Pou resevwa fon federal yo, plan leta a fèt pou enkli yon pwomès ke ya va retire yon timoun enkapasite de yon klas nòmal sèl si nati oswa degre enkapasite liya ta entèfere a yon pwen ke edikasyon li, menm ak sipò adisyonèl ansanm ak tout sèvis yo, pakab akonpli yon fason satisfezan nan yon klas nòmal. Elèv yo fèt pou plase nan anviwònman ki gen le mwens restriksyon posib.

Desizyon ekip IEP sou ki kote yo pral bay pitit ou klas rele desizyon sou "plasman" yo. Plasman pitit ou ap depann de bezwen liyo. Ou menm ansanm ak rès ekip IEP a ta mèt asime ke yap bay lansèyman ba pitit ou nan menm klas ak lekòl li ta asiste si li pat gen yon enkapasite.

Ekip IEP a ap travay ansanm pou idantifye tout sèvis ak sipò yo ka va ede pitit ou reyisi nan tout klas jeneral yo ansanm ak tout lòt aktivite eskolè yo. Ekip IEP a va kontanple fè pitit ou asiste klas an pati oswa tout lajounnen nan klas ESE yo, ki yon tip plasman ak plis restriksyon, sèlsi ekip la ta deside ke pitit pou pap kab fè pwogrè nan klas jeneral yo. Ki varye de mwens restriksyon (1) a plis restriksyon (6), plasman posib yo enkli sa ki swiv yo:

1. Klas Edikasyon Jeneral pou tout matyè yo, ak ansèyman espesyal, materyo yo, teknoloji, sèvis yo, aranjman espesyal yo, oswa modifikasyon kourikoulòm yo
2. Klas Edikasyon Jeneral pou sèten matyè ak klas espesyal pou elèv enkapasite yo nan lòt matyè yo (ke yo rele pafwa "klas resous")
3. Klas espesyal pou tout matyè yo
4. Lekòl espesyal tout lajounnen
5. Anplasman Espesyal pou abite ak al lekòl
6. Leson Prive lakay oswa lopital

Diferan tip plasman sa yo reprezante gam divè plasman sa yo. Ki Lekòl pitit ou ava asiste ap depann de plan distri a pou zòn lekòl ki ofri tip sèvis pitit ou bezwen yo. Sèten tip sèvis disponib nan anpil nan lekòl atravè distri eskolè yo. Lòt tip sèvis kab disponib nan kèk lekòl sèlman.



Foto koutwazi de: Hemera/Thinkstock

Tan yon timoun ap fè nan klas edikasyon jeneral ak èd siplemantè yo, aranjman espesyal yo, oswa sèvis yo ak tan ya va pase nan yon lòt anbyans se yon desizyon ekip IEP ap pran ka pa ka. Ekip la fèt pou konsidere tou dabò, kisa yap bezwen pou satisfè ansèyman timoun la nan yon klas edikasyon jeneral ak elèv ki pa gen enkapasite yo. Kelkelenswa kote timoun la ta resevwa leson, materyò espesyal yo, teknoloji, tout sèvis yo oswa aranjman espesyal yo ap anote nan IEP epi lap disponib pou satisfè tout bezwen ansèyman timoun la.

Nan pifo ka yo, distri eskolè piblik la ap kab founi tout sèvis ak plasman pitit ou bezwen yo. Mèzalò, Si ekip IEP ata deside ke pitit ou bezwen plasman ke distri eskolè lokal la pa ofri, distri eskolè a kab chache yon lòt distri eskolè oswa lekòl prive pou founi tout sèvis yo. Si ekip IEP ta deside ke pitit ou fèt pou li ale nan yon lòt distri oswa yon lòt lekòl, yap bali transpò gratis ki pap koute w anyen.

**Lòt Enfòmasyon ki kab parèt nan IEP a**

Chak tip enfòmasyon ki dekri anlè a fèt pou enkli nan IEP pitit ou an. Sèten distri eskolè yo ajoute lòt enfòmasyon nan IEP a pou li kab pli itil. Men kèk nan bagay yo ta ka ajoute yo:

- Edikasyon Fizik—Lap di ki tip edikasyon fizik timoun la pral resevwa( si jeneral oswa espesyal)
- Enfòmasyon sou patisipasyon paran—Lap dekri sa lekòl la fè pou notifye w osijè de reyinyon ekip IEP yo ak ede w patisipe.
- Lang Timoun la oswa paran a—Li endike ki lang fanmi a pale
- Enfòmasyon Medikal ak Sante—Li dekri nenpòt ki pwobèm sante oswa medikal pitit ou genyen.
- Opsyon Diplòm—Lap endike ki tip diplòm high school lap travay pou jwenn

  **Nòt:** Pifo elèv enkapasite reyisi pase tout matyè yo ansanm ak tès nesesè yo pou jwenn yon diplòm nòmal. Sèten elèv enkapasite yo ava travay pou jwenn diplòm espesyal. Mande youn nan manm ekip IEP a tip diplòm pitit ou ta ka jwenn.

Wap resevwa rapò regilye sou pwogrè pitit ou fè poul atenn tout bi IEP yo. Yap mande chanjman fèt nan IEP a ofiramezi pitit ap grandi ak chanje, ak ofiramezi ke ou menm ak pèsonèl lekòl la ap obsève nouvo bagay nan pitit ou. Ofiramezi ke nap travay ansanm wap jwenn plis itilite nan IEP a.

**Transizyon IEP**

Lè pitit ou atenn laj 14 zan yo ta fèt pou patisipe nan reyinyon yo, epi manm ekip IEP a koumanse diskite plan ou ak plan pitit ou pou lavni aprè high school. Ekip IEP a ava idantifye tou, plan etid ansanm ak tout sèvis nesesè yo pou ede pitit ou prepare pou lavni aprè high school. Liv ki rele, *Transition Planning for Students with Disabilities: A Guide for Families*, ap founi w ak enfòmasyon enpòtan sou tranzisyon sa a. Li disponib sou entènèt la nan

http://www.fldoe.org/ese/pub-home.asp ak nan BRIC. (Enfòmasyon Kontak pou BRIC andedan kouvèti liv sa a.)

## Konsantman pou Sèvis yo ak Plasman

Yap mande w pou bay konsantman ou pou plasman ak tout lòt sèvis yo alekri yon sèl fwa. Sa ap fèt aprè yo fin devlope premye IEP a. Si yo ta chanje plasman oswa tout sèvis pitit ou yo swa lekòl la oswa distri a fèt pou enfòme w ak yon avi alekri, men yo pap bezwen mande w otorizasyon pou fè tout chanjman sa yo. Al nan Chapit 8 pou enfòmasyon adisyonèl sou konsantman ak avi alekri.

## Après IEP a ak Konsantman

Yon fwa w fin bay konsantman ou, tout sèvis ap rantre an rigè touswit. Byennantandi, lekòl la ap bezwen ou bali yon delè twa jou poul pare tout bagay. Gen yon seri bagay ou ta ka vle fè anvan pitit ou komanse resevwa tout sèvis ESE yo:

- Si pitit ou pral resevwa tout sèvis yo nan yon klas diferan oswa lekòl diferan, rele lekòl la epi pran randevou pou al vizitel ansanm ak pitit ou.
- Pale ansanm ak pitit ou. Palel de tout sèvis li pral resevwa yo. Si plasman pitit ou pral chanje, palel de nouvo pwofesè a oswa klas la.
- Si pitit ou pral itilize asistans teknolojik, aprann sèvi avèl. Asire w byen ke w konnen kilès ki pral montre pitit ou sèvi ak teknoloji a. Asire w byen ke w konnen kilès ki pral pran swen teknoloji a.
- Si pitit ou ap vwayaje nan bis, tchecke orè bis la.

Aprè pitit ou komanse resevwa tout sèvis yo, kenbe kontak ak pwofesè yo. Chache konnen ki pwogrè timoun la fè nan aprantisaj. Vizite klas la detanzantan. Anvan wal vizite, rele lekòl la pou pran randevou, ak fè aranjman pou lè vizit la. Pale ak pwofesè yo osijè de tout bon bagay ou wè kap fèt ak tout enkyetid ou ta ka genyen yo. Konnen kilè ou fèt pou resevwa rapò alekri yo sou pwogrè pitit ou ap fè pou li atenn tout bi IEP yo. Tout sa yo enimere nan IEP a. Si w pa resevwa rapò yo, mande yo. Si ta gen kèk enkyetid oswa dezakò konsènan sèvis ESE pitit ou ap resevwa yo, li ta benefisye w pou pale ak pwofesè, konseye oryantasyon, ***espesyalis pèsonèl***, oswa direktè lekòl la le pli vit posib.

Si w pakab rezoud tout enkyetid yo,ou ta mèt kontakte biwo distri ESE a. Anpil nan distri eskolè yo gen pwosedi an plas pou ede tout fanmi yo rezoud dispit yo.

An plis, paran yo kab kontakte Biwo Edikasyon Eksepsyonèl la ansanm ak Sèvis pou Elèv yo (ki fè pati Depatman Edikasyon la Florid) pou pale de rekou administratif swivan sa yo:

- ***Medyasyon***
- Envestigasyon sou ***plent*** nan Leta
- Demann pou ***Jijman an bòn e di fòm***

## Sous Sèvis yo

Ou kab byen tande mansyone tèm "***sous tout sèvis yo***" a yon moman done pandan edikasyon timoun la. Se yon zouti finansman ke Leta la Florid itilize. Sous la pa fè pati IEP a.

Sous sèvis yo reflete nivo tout sèvis ki enimere nan IEP pitit ou an nan chak domenn swivan sa yo:

- Kourikoulòm ak Anviwònman Edikasyonèl
- Konpòtman Sosyal oswa Emosyonèl
- ***Fonksyònman Endepandan***
- Swen Sante
- Kominikasyon

Andedan chak domenn, ekip IEP a kab byen deside ke pitit ou pap resevwa okenn nan sèvis yo, yon pati nan sèvis yo (kankou èd nan men yon espesyalis pou pwofesè pitit ou, oswa materyo edikasyonèl adapte yo) oswa tout sèvis entansif yo (kankou swivi kontinyèl oswa asistans). Tout sèvis pitit ou resevwa ap make nan sous la. Tout sèvis ki make yo nan sous la fèt pou reflete tout sèvis pitit ou ap resevwa aktyèlman.



Foto koutwazi de: Amos Morgan/Photodisc/Thinkstock

# Chapit 6—Revizyon Anyèl IEP a

Omwen yon fwa chak 12 mwa, ou menm ansanm ak rès ekip IEP ap reyini pou pale de pwogrè pitit ou fè lekòl la ak redije yon nouvo IEP. Wap resevwa yon avi alekri de reyinyon sa a. Si w pakab ale lè yo siyale a nan avi alekri a, ou ta mèt rele lekòl la pou mande yon lòt dat, yon lòt lè diferan oswa yon lòt anplasman.

Wap vle pou ale tou pare nan reyinyon sa a. Li tout rapò pwogrè ou resevwa pandan tout lane a ansanm ak tout lòt dosye ou genyen yo. Fè yon lis tout kesyon yo ak sijesyon yo. Ou ta petèt konsidere vizite klas pitit ou an epi repale ak pwofesè a. Reli Chapit 5 konsènan tout IEP yo anvan w ale nan reyinyon an.

Ekip la kab komanse revize denye IEP yo te redije pou pitit ou ansanm ak tout lòt dosye yo pou konnen ki pwogrè pitit ou fè. Daprè enfòmasyon sa a, ekip la va reponn tout kesyon ou yo kankou sa yo:

- Nivo aktyèl akonplisman akademik ak pèfomans fonksyonèl pitit ou an?
- Eske pitit ou bezwen aranjman espesyal adisyonèl pou reyisi nan yon kourikoulòm jeneral?
- Ki bi anyèl pitit ou metrize? Ki bi anyèl ki bezwen chanje? Ki nouvo bi pitit ou ta fèt poul eseye atenn?
- Eske sèvis yo ak sipò yo ta merite chanje?
- Eske yo ta merite ajoute oswa chanje asistans teknolojik la?
- Eske gen nesesite pou fè evalyasyon adisyonèl?
- Eske pitit ou bezwen yon plasman diferan pou li ka rive fè pwogrè?

Ou menm ansanm ak rès ekip la va redije yon nouvo IEP pou pitit ou. Ekip la kab redije yon nouvo IEP san lòt evalyasyon adisyonèl, oswa ekip la kab mande w otorizasyon pou fè yon lòt evalyasyon.

Byennantandi, bezwen pitit oukab chanje nenpòt kilè. Swiv pitit ou de prè. Kenbe kontak ak moun nan lekòl la. Ou pa oblije tann jiskaske 12 mwa yo fini pou fè revizyon IEP pitit ou. Ou kab mande yon reyinyon IEP nenpòt kilè. Men kèk rezon ki ta jistifye ke w mande revizyon reyinyon an anvan 12 mwa yo rive a tèm:

- Pitit ou pa fè otan pwogrè yo te espere li fè.
- Pitit ou fè plis pwogrè ke sa yo te espere li fè.
- Pitit ou bezwen sèvis yo pou plis tan oswa mwens tan.
- Bezwen pitit ou yo chanje.
- Nouvo enfòmasyon sou pitit ou ki vin disponib takab afekte IEP a.

Si w ta renmen mande pou yo konvoke yon reyinyon IEP anvan 12 mwa yo rive a tèm, ekri lekòl la pou eksplike larezon pou lakèl reyinyon an nesesè. Jeneralman, tout chanjman ki fèt nan IEP a fèt pou gen konsòsyòm tout manm ekip IEP nan yon reyinyon IEP. Mèzalò, nan reyinyon anyèl

IEP yo, lè distri eskolè ak paran yo dakò, yo kab fè amannman oswa modifikasyon san reyinyon IEP ak san nesesite pou tounnen redije tout IEP an antye. Yo fèt pou enfòme tout manm IEP yo nenpòt kilè yo ta fè amannman oswa modifikasyon nan IEP a. Lekòl la fèt pou avize w si lap chanje tout sèvis ak anviwònman pitit ou yo, men lekòl la pa oblije jwenn konsantman ou pou chanje tout sèvis yooswa anviwònman a.

Si yo refize konvoke yon reyinyon ak ekip IEP a, distri eskolè oblije fè ou konnen a lekri. Si ou pa kab rezoud dispit la ak lekòl la, ou kab mande pou ale nan medyasyon oswa pou prezante nan yon odyans an bòn e di fòm.



Foto koutwazi de: Jupiterimages/ Brand X Pictures/Thinkstock

# Chapit 7—Reevalyasyon

Lekòl la fèt pou reevalye pitit ou omwen chak twazan pou chache konnen si li gen enkapasite a ak si li toujou bezwen resevwa tout sèvis ESE yo. Antan ke pati reevalyasyon an, ekip IEP a fèt pou revize enfòmasyon aktyèl sou pitit ou. Ekip IEP a kab deside bay pitit ou tout tès yo oswa itilize lòt metod pou rasanble nouvo done sou pitit ou.

Lekòl la oblije gen otorizasyon ou alekri anvan yo fè nenpòt ki evalyasyon oswa tès endividyèl. Fòm konsantman an ap di w, alekri, bagay swivan sa yo:

- Kisa yo gen lentansyon fè pandan reevalyasyon an
- Poukisa pèsonèl lekòl la panse ke pitit ou ta fèt pou evalye endividyèlman
- Nenpòt ki lòt opsyon pèsonèl lekòl la te konsidere ak poukisa yo pat chwazi tout lòt opsyon sa yo
- Kijan pou jwenn èd pou konprann fòm konsantman an ansanm ak pwosesis evalyasyon an

Gwoup IEP ap fè yon reyinyon si swa ou oubyen pèsonèl lekòl la panse ke pitit ou pa bezwen tout sèvis ESE yo ankò. Sèl ekip IEP a gendwa ranvwaye (siprime) pitit ou de pwogram ESE a. Lekòl la pa gendwa ranvwaye pitit ou de sèvis ESE yo san yo pa mande w patisipe nan desizyon an. Aprè reyinyon a, lekòl la va founi w ak yon avi alekri si ekip IEP a ta deside ranvwaye pitit ou de pwogram ESE a. Wap resevwa avi sa a anvan pitit ou sispann resevwa tout sèvis yo. Mèzalò, lekòl la pap bezwen otorizasyon ou pou ranvwaye pitit ou de pwogram ESE a oubyen fè lòt chanjman nan plasman li. Si w pa dakò ak desizyon an, al nan Chapit 8 pou enfòmasyon adisyonèl konsènan tout garantinan pwosedi yo.

Si yo ranvwaye pitit ou de pwogram ESE a li ta benefisye w anpil pou kenbe tout dosye w yo pou lavni.

# Chapit 8—Garanti Pwosedi yo (Dwa yo ak Responsabilite yo)

Chapit sa va ede w konprann dwa ou yo ansanm ak tout responsabilite ki akonpaye tout sèvis ESE yo. Lwa federal ki rele Lwa pou tout Endividi Ki gen Enkapasite Entelektyèl/the Individuals with Disabilities Education Act di konsa, antan ke paran yon timoun ak enkapasite, ou gen sèten ***garanti nan pwosedi yo***. Sa se règleman konsènan ki pwosedi lekòl la (ansanm ak paran yo) fèt pou mete an plas lè yap pran desizyon sou tout sèvis ESE yon timoun pral resevwa yo.

Garanti pwosedi yo kab difisil pou konprann. Anplis de li chapit sa a, ou kab byen bezwen mande trening espesyal oswa lòt tip èd. Administratè ESE a nan biwo distri eskolè lokal ki koresponn ou an kab di w ki kote wap jwenn èd oswa trening espesyal sa a.

Tout Garanti Pwosedi sa yo fèt pou rann pwosesis ESE an yon pwosesis san patipri ni pou ou ni pou lekòl la ak asire ke pitit ou resevwa yon edikasyon piblik adekwa gratis. Tout Garanti Pwosesis yo bay paran yo ansanm ak lekòl yo direktiv sou yon seri de règ pou ede yo kolabore ansanm. Tout garanti pwosesis yo bay paran yo ak lekòl yo tou, yon fason pou rezoud tout pwoblèm yo ak rezoud dispit yo.

Si w gen bon jan rezon pou kwè ke pitit ou pap resevwa yon ***edikasyon adekwa gratis***, ou kab envoke tout dwa w yo, enkli dwa pou al nan medyasyon, pou prezante yon plent nan leta, ak mande yon odyans an bòn e di fòm. Wap jwenn moun ka va ede w fè sa.

Lekòl la va ba w tout kopi garanti pwosesis yo omwen yon fwa pa ane epi tou:

- Dimoman yo refere w oswa daprè demann w fè pou mande yon evalyasyon
- Lè yon chanjman konsènan plasman pitit ou fèt akòz mezi disiplinè
- Dimoman yo resevwa yon plent ki prezante devan leta oswa apati de premye demann pou yon odyans an bòn e di fòm nan ane eskolè a
- Lè w mande yon kopi

**Nòt:** Tout dwa IDEA ki konfere ba paran yon elèv enkapasite transfere ba elèv la jiskaske li atenn ***laj majorite***. Nan la Florid, ***transfè tout dwa*** sa yo fèt lè elèv la pran laj 18 an, amwens ke yo ta deklare elèv la enkonpetan daprè lwa leta a oswa li genyen yon gadyen ki pale pou li oswa ki nonmen pou pran tout desizyon edikasyonèl yo.

Si w li Chapit 1, ou deja konnen ke w ansanm ak pitit enkapasite w an jwi de plizyè dwa, kankou dwa pou:

- Jwenn Edikasyon Piblik Adekwa Gratis
- Yon evalyasyon konplè, endividyèl san patipri
- Yon IEP

- Yon edikasyon nan ***anviwònman ki gen mwens restriksyon posib***
- Yon revizyon anyèl pwogrè elèv la

# Garanti Pwosedis yo

Men twa egzanp garanti pwosesis ki espesyalman enpòtan pou w ak pitit enkapasite w an:

- Dwa pou resevwa avi alekri
- Dwa pou patisipe
- Dwa pou bay, pa bay, oswa retranche konsantman ou

## Dwa pou Resevwa Avi Alekri

Ap gen anpil sitiyasyon kote lekòl la oblije ba w avi alekri. Wap resevwa avi nan men lekòl la lè:

- Lè lekòl la dakò (oswa ba w refi) a yon demann ke w prezante
- Lekòl vle evalye endividyèlman oswa reevalye pitit ou
- Pèsonèl lekòl la gen lentansyon chanje tout sèvis oswa plasman pitit ou
- Ekip la deside pandan yon reyinyon elijibilite pèsonèl, ke pitit ou kalifye oswa pa kalifye pou resevwa ESE

Avi a fèt pou:

- Fasil pou konprann
- Di w sa lekòl la gen lentansyon fè (oswa refize fè)
- Eksplike w poukisa lekòl la gen lentansyon pran (oswa refize pran mezi) mezi
- Eksplike nenpòt ki lòt opsyon lekòl la te konsidere ak poukisa yo rejtel
- Dekri nenpòt ki pwosedi evalyasyon, tès, dosye, rapò, oswa lòt faktè lekòl la te itilize lèl tap pran desizyon an
- Eksplike w ke w jwi de sètendwa espesifik ak kijan ou kab jwenn yon kopi tout garanti pwosesis yo
- Di w kilès pou rele si w pa konprann avi a

Si w konprann ak dakò ak sa ki ekri nan avi a, ou pa gen anyen lòt pou fè. Kenbe avi a nan dosye w. Planifye pou prezante nan reyinyon yo mande w asiste a. Si w pa konprann avi a, rele lekòl la oswa kontak responsab la imedyatman. Youn nan moun ki la yo va eksplike w sa avi a vle di. Si w pa dakò ak sa avi a di, ou kab pran sèten mezi:

- Dabò, kontakte moun ki nonmen nan avi a.
- Aprè sa, rele administratè ESE a nan biwo lokal distri eskolè a.
- Mande fè yon reyinyon, kankou yon lòt reyinyon ekip IEP.
- Ou fèt pou ekri yon lèt ki eksplike pwendvi w.
- Ou kab mande sèvis medyasyon gratis nenpòt kilè.

- Si w kwè lekòl la pa swiv tout egzijans IDEA lè ekip IEP atap pran desizyon li oswa ke yo pap enplimante IEP a jan li te konvni, ou kab prezante yon plent fòmèl nan leta oswa mande yon odyans an bòn e di fòm.

## Dwa pou Patisipe

Ou gendwa pran lapawòlnan sèten desizyon konsènan edikasyon pitit ou. Lekòl la fèt pou mande patisipasyon ou nenpòt ki lè yo fè reyinyon ki gen rapò ak ***idantifikasyon***, evalyasyon, oswa plasman pitit ou oubyen dispozisyon sou edikasyon adekwa piblik gratis pou pitit ou. Lekòl la ap mande w patisipe nan nenpòt ki reyinyon pou:

- Detèmine kalifikasyon pitit ou pou resevwa ESE
- Devlope (redije) oswarevize IEP pitit ou
- Pran tout desizyon konsènan plasman pitit ou oswa tout sèvis yo

Pafwa, ou kab mande lekòl la pou konvoke yon reyinyon. Kelkeswa moun ki mande konvoke reyinyon an, lè ou patisipe, ou fasilite lekòl la nan devwal poul sèvi pitit ou. Lè ou patisipe wap vle:

- Pataje enfòmasyon konsènan pitit ou ak bezwen liyo
- Koute ak reflechi sou tout sa lòt moun ap di
- Poze tout kesyon yo
- Pran nòt yo ak kenbe tout dokimantasyon ki prezante nan reyinyon an
- Pataje tout ide w yo konsènan sa yo ta ka fè pou ede pitit ou
- Asire w ke w konprann sak pral swiv aprè

Si w ta bezwen yon tradiktè pou patisipe nan reyinyon an, yap fè w jwenn youn. Si w sèvi ak langaj an siy, yo fèt pou ba w yon entèprèt. Asire ke w fè lekòl la konnen anvan reyinyon an si wap bezwen yon tradiktè oswa yon entèprèt. Ou gendwa mennen yon moun pou tradwi oswa entèprete pou w si w vle.

Nenpòt kilè yo mande w patisipe, ou fèt pou pare. Li tout dosye w yo ansanm ak pati nan liv sa a ki pale de tip reyinyon ou pral asiste a. Rele lekòl la ak mande vizite klas pitit ou epi pale ak pwofesè liyo. Fè yon lis tout bagay ou ta renmen di oswa tout kesyon ou ta renmen poze yo epi pote yo avek ou nan reyinyon an. Ou kab fè yon moun akonpaye w nan reyinyon an—kankou yon zanmi, fanmi, oubyen lòt moun ki konnen pitit ou epi ki kab ede w. Li ta itil anpil si w fè lekòl la konnen ke wap mennen yon moun nan reyinyon an.

## Dwa pou Bay, Pa Bay oswa Retranche Konsantman ou

Pou sèten desizyon, lekòl la oblije fè w konnen sèlman sa yo deside ou pa (ba w avi). Mèzalò, anvan yo pran desizyon swivan sa yo, yo oblije jwenn otorizasyon ou alekri :

- Fè yon evalyasyon endividyèl pou pitit ou
- Founi tout sèvis ESE yo pou premye fwa

Lè w bay otorizasyon ou, sa vle di ou dakò pou pèmèt pèsonèl lekòl la fè kichoy ak pitit ou. Yap mande w pou siyen yon fòm ki di ke w dakò ak sa lekòl la ap planifye. Nòmalman otorizasyon sa a rele "***konsantman***."

Ou gen plizyè chwa lè lekòl la mande konsantman ou:

- Ou ta mèt dakò epi siyen fòm la.
- Ou kab mande plis enfòmasyon.
- Ou kab mande tan pou reflechi ak wè kisa kap pi bon pou pitit ou.
- Ou kab mande pèsonèl lekòl la chanje sa yo planifye a. Yap swa fè chanjman an oswa deside ke chanjman an pa adekwa. Si pèsonèl lekòl la refize fè chanjman an, yap fè w konnen alekri.
- Ou kab deside pa bay konsantman ou. Asire w byen ke pèsonèl lekòl la konprann tout rezon ki dèyè desizyon sa a. Pèsonèl lekòl la kab eseye ede timoun la yon lòt fason oubyen yo kab sijere wal nan medyasyon oubyen mande yon odyans an bòn e di fòm.

Reflechi byen sou si wap bay konsantman an ou pa, paske se yon desizyon enpòtan ki konsène edikasyon pitit ou. Pisouvan ou menm ansanm ak pèsonèl lekòl kab kolabore ansanm ak mete nou dakò sou kisa yo ta ka fè pou timoun la.

Sonje byen, pou sèten desizyon, lekòl la fèt pou li bay avi alekri men li pa bezwen konsantman ou. Mèzalò, pèsonèl lekòl la ta fèt pou mande w opinyon ou. Men sèten bagay lekòl kab fè san konsantman ou:

- Konvoke yon reyinyon elijibilite pèsonèl la oswa yon reyinyon manm ekip IEP (mèzalò yo fèt pou envite w pou patisipe nan reyinyon sa yo)
- Chanje plasman pitit ou oswa tout sèvis li resevwa yo (mèzalò nenpòt chanjman ki fèt nanplasman fèt pou baze sou desizyon ekip IEP a, ou fè patit ekip sa a)

Ou gendwa retranche (revoke) konsantman ou nenpòt kilè aprè pitit ou komanse resevwa tout sèvis ESE yo. Ou fèt pou fè sa alekri. Anvan distri eskolè a sispann founi tout sèvis ESE pitit ou ap resevwa yo, yo fèt pou notifye w alekri.

## Pazaswiv pou Rezoud Pwoblèm yo

Detanzantan, ou menm ak lekòl kab rantre an dezakò konsènan sa ki jis ak kisa pitit ou bezwen. Gen dispit ki kab rezoud fasilman, tandiske gen lòt ki mize plis epi ki mande plis efò.

Premye pa pou rezoud yon pwoblèm se asire ke tout moun byen konprann pwoblèm la. Li pi bon pou mande yo konvoke yon reyinyon lè ou pa konprann kichoy oswa ou panse lekòl la pa

konprann ou. Anpil fwa, pale ak moun endike a va ede. Kontakte moun ki nan lis swivan nan lòd li parèt la:

- Pwofesè pitit ou
- Direktè lekòl la
- Ekip IEP pitit ou
- Administratè ESE a nan biwo distri eskolè lokal la
- Administratè distri eskolè a

Si lòt pwoblèm ta prezante, verifye ak chache konnen kilès ki gen pouvwa pran tout desizyon sa yo konsènan pwoblèm yo epi pale ak moun la. Prezante plent ba yon moun ki pa gen otorite pou pran desizyon se yon pèt de tan pou w ak pitit ou.

# Rezolisyon Dispit

Si w menm ak distri eskolè a pa kab mete nou dakò sou bezwen nesesè pou pitit ou, ou kab konsidere pou ta mande yon medyayson, prezante yon plent devan leta, oswa mande pou yon odyans an bòn e di fòm.

Medyasyon, ***plent fòmèl yo***, ak odyans an bòn e di fòm yo pataje menm bi a: rezoud tout pwoblèm yo. Yo konsevwa metòd rezolisyon sayo menm pou timoun enkapasite kab resevwa yon edikasyon piblik adekwa ki gratis. Yo pa la pou ni pini lekòl la ni pini kelkeswa lòt moun.

Wap jwenn Enfòmasyon adisyonèl konsènan tout metod rezolisyon dispit ki parèt anba la a ansanm ak tout fòm wap bezwen konplete yo sizoka ou ta vle itilize youn ladann yo an liy sou paj web http://www.fldoe.org/ese/resolution.asp. Wap jwenn tout fòm sa yo tou nan Anèks D liv sa a.

## Medyasyon

Medyasyon se youn nan fason pou rezoud tout pwoblèm yo. Nan seyans medyasyon an, yon mediatè byen fòme ki pa nan ***patipri*** ap ede distri eskolè a rezoud dispit ou ta genyen konsènan idantifikasyon, evalyasyon, plasman, oswa edikasyon piblik adekwa ak gratis pou pitit ou. Ou gendwa mande pou fè yon medyasyon nenpòt kilè—ou kab mande medyasyon an menm tan ke w prezante yon plent oswa mande yon odyans an bòn e di fòm.

Pou medyasyon fèt se pou ni w ni distri eskolè dakò. Aprè w ansanm ak distri eskolè prezante yon rekèt pou medyasyon nan Depatman Edikasyon la Florid, FDOE (Florida Department of Education) ap deziye yon medyatè ak pwograme medyasyon an. Seyans sa yo kab dire ant twa a sizèdtan. Tout sa ki pale nan seyans medyasyon an ***konfidansyèl***.

Se pa bi medyasyon an pou yon pati sòti gayan. Se bil pou tou lè de pati rive jwenn yon antant. Seyans medyasyon an ap ba w ansanm ak distri eskolè a opòtinite pou:

- Pale de pwoblèm la
- Eksplike pwendvi w
- Rive a yon antant sou sa ka va plis benefisye pitit ou

Se pa medyatè a ka pral deside kijan pou rezoud pwoblèm la. Medyatè a va ede w ak pèsonèl lekòl la (oswa distri eskolè a) rive jwenn divè altènatif pou rezoud pwoblèm la. Gen plizyè avantaj nan medyasyon:

- Sèvis Medyasyon gratis.
- Tout Dispit pi vit rezoud atravè medyasyon katravè plent fòmèl oswa pwosedi an bòn e di fòm yo.
- Medyasyon ta ka amelyore relasyon w ak ni moun lekòl yo ni ak distri eskolè a. Sa kab enpòtan anpil, piske relasyon ou ak distri eskolè ka dire yon dal lane.

Si w pa kab rive fè yon antant ak distri eskolè a atravè medyasyon, ou toujou gendwa prezante yon plent fòmèl oswa mande yon odyans an bòn e di fòm.

## Plent Fòmèl Devan Leta

Paran yo gendwa tou, eseye rezoud pwoblèm yo ak yon plent fòmèl devan Depatman Edikasyon la Florid. W fèt pou prezante yon plent fòmèl devan Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis pou Elèv yo sèl si w kwè ke distri eskolè a vyole youn nan egzijans IDEA a oswa Lwa leta yo ansanm ak tout règleman konsènan edikasyon elèv enkapasite yo. Tout lòt pwoblèm taktik entimidasyon, diskriminasyon oswa konpòtman anplwaye yo pa konte kom vyolasyon ni IDEA ni lwa leta yo konsènan elèv enkapasite yo. Mèzalò, pèsonèl biwo a kab ede w jwenn zòn ki koresponn la nan FDOE pou al prezante plent sou koze sa yo.

Anvan ou prezante yon plent, yo ankouraje w menm pou rele FDOE nan (850) 245-0475. Pèsonèl FDOE akab ankouraje w al nan medyasyon oswa kèk lòt metòd pou rezoud pwoblem la, oubyen yo kab kontakte distri a pou w pou ede rezoud pwoblèm la. Mèzalò, si w deside prezante yon plent fòmèl alekri, plent ou an fèt pou:

- Dekri kijan distri eskolè a vyole egzijans IDEA a oswa nenpòt ki lòt lwa
- Bay tout detay soudone yodaprè jan ou entèprete yo
- Vyolasyon a fèt pou yon vyolasyon lalwa ki pa depase plis de yon lane anvan ou prezante plent la.

Pandan pwosesis plent la, FDOE ap mande w eksplike plent la nan telefòn oswa alekri. FDOE a va envestige pou verifye si se vre ke distri eskolè a vyole lalwa oswa règ la. Youn nan moun FDOE kab al vizite lekòl la si li ta nesesè. FDOE ap emèt yon desizyon alekri nan yon delè de 60 jou apati di moman yo resevwa plent la. Desizyon an va:

- Enimere tout sa yo jwenn konsènan fè yo—tout sa FDOE verifye ki vre oubyen ke swa w oswa distri a te di

- Enimere tout Lwa oswa Règ ki te fèt pou obeyi yo
- Deklare desizyon FDOE a
- Di sa distri a ta fèt pou fè pou korije pwoblèm la (Si yo ta jwenn ke distri a pat swiv lwa oswa règ la e ke yo ta jwenn li antò)

Si ta gen yon odyans an bòn e di fòm konsènan koze a oswa koze yo nan plent ki prezante devan leta a, alòkile, yap mete plent ki devan leta a de kote pou pèmèt yo pran yon desizyon sou koze an nan odyans an bòn e di fòm la. Si yo deja deside swa koze a oubyen tout koze yo nan yon odyans an bòn e di fòm, alòkile yo pap kab rekonsidere desizyon an atravè pwosesis plent la ankò.

## Odyans an bòn e di Fòm

Yo bay tout paran ak distri eskolè yo dwa a yon odyans an bòn e di fòm pou yo kab ede yo jwenn yon fason pou rezoud tout dispit yo konsènan evalyasyon timoun la, elijibilitel, plasman, ak tout sèvis yo oswa IEP a. Yon ***Jij Dwa Administratif*** chita nan odyans la. Nan leta nou an jij dwa administratif sa a travay pou Depatmant Odyans Administratif oswa the Division of Administrative Hearings (DOAH). Jij Dwa Administratif sa a pa fèt pou li konnen elèv la, ni zanmil oswa parante ak youn nan fanmi yo. Nan odyans la jij dwa administratif la va:

- Tande w eksplike sa w vle ak poukisa
- Analize tout dosye distri eskolè a ansanm ak tout dosye pa w yo
- Tande moun distri eskolè eksplike pwendvi pa yo
- Tande moun ou chwazi pou ede w eksplike pwendvi pa w
- Ak poze tout kesyon yo

Aprè odyans la fin fèt, jij dwa administratif la va pran desizyon li konfòm ak lwa yo ak tout règ yo.

Odyans bòn e di fòm la se yon pwosedi fòmèl, ki vle di, ***kankou nan tribinal, gen sèten règ ki aplike:***

- Ou gendwa mande yon avoka oswa lòt moun ede w.
- Distri eskolè a ap reprezante pa yon avoka.
- Ou menm ak distri eskolè a gendwa prezante ***temwen*** pou ede eksplike tout bagay ba jij dwa administratif la.
- Ou menm ak distri eskolè a gendwa prezante ***prèv*** ba jij dwa administratif la.

Di moman ou fè rekèt pou odyans la a rive nan odyans la ak jwenn desizyon nan men jij dwa administratif la kab pran jiska 45 jou (oubyen nan sèten ka plis tan toujou). Pandan tan sa a pitit ou ap rete nan plasman liye a ak resevwa tout sèvis ki make sou IEP yo si yo gen youn. Se sa yo rele ***plasman rete kanpe/stay-put placement***. Byennantandi, ou menm ansanm ak distri eskolè a kab dakò pou fè chanjman si nou toulède panse se ta yon bon lide.

Pandan wap tann odyans la, yap mande w eseye rezoud bagay yo nan yon reyinyon yo rele seyans rezolisyon. Si w ak distri eskolè a ta dakò nou kab eseye medyasyon olye de seyans rezolisyon an. Si distri eskolè a vle ale nan yon seyans rezolisyon oswa medyasyon epi w ta refize, odyans la pap fèt. Ou kab mande medyasyon tou nan yon odyans an bòn e di fòm oubyen nenpòt ki lòt lè. Si medyasyon pa ta mache, wap toujou gendwa prezante nan yon odyans an bòn e di fòm.

**Anvan Odyans la**

Ou oblije ranpli yon fòm ki rele "rekèt pou yon odyans an bòn e di fòm/request for due process hearing." Rele administratè biwo distri eskolè lokal ki koresponn ou an anvan ou voye fòm la ale epi fè administratè a konnen sa w gen lentansyon fè. Si se distri eskolè a ki mande odyans la, ya va voye avi alekri ba w. De tout fason, ou gen yon dal preparasyon pou fè anvan ou pare pou odyans la.

**Deside si wap Chache Èd**

Li enpòtan anpil pou konnen kijan pou prezante ka w an nan odyans la. Ou kab kontanple mande yon moun, kankou yon avoka oswa konseye ede w prepare ak akonpaye w nan odyans la. Pèsonèl distri eskolè a ap prezante ak yon avoka pou ede yo.

- Distri eskolè a kab ba w yon lis tout kote wa ka jwenn sèvis legal ki pa chè oswa gratis. Mande lis sa a.
- Anpil nan gwoup sa yo ki mansyone sou lis Anèks A kab ede w prepare pou odyans la. (Yo rele moun ki nan gwoup sa yo "defansè yo.")
- Tcheke inivèsite oswa College lokal yo. Pafwa pwofesè nan depatman edikasyon espesyal yo ta kab ba w yon koudmen.
- Si w vle reprezante tèt ou, al nan paj web http://www.doah.state.fl.us/ALJ epi klike sou lyen ki make "Representing Yourself" pou jwenn enfòmasyon itil.

**Tcheke Lè a, Kote a, ak tout Lòt Detay yo**

Yap pwograme ni lè ni kote odyans la ap fèt de fason pou ka la. Li kab ou pa apwopriye pou timoun la asiste odyans la.

**Rasanble Prèv**

Nan odyans la wa pral eseye pwouve ba jij dwa administratif la ke w gen rezon. Pèsonèl distri eskolè a pral eseye pwouve ke se yo ki gen rezon. Wap bezwen prèv pou prezante ba jij dwa administratif la.

Prèv se bagay kap ede w eksplike pwendvi w. Menk kèk egzanp tip prèv ou ka prezante:

- Tout rapò evalyasyon yo
- Tout lèt ak emails
- Tout modèl travay pitit ou
- Anrejistreman tout reyinyon yo, si li ta aplikab
- Tout dosye edikasyonèl yo
- Tout Nòt yo
- Tout foto yo

**Chache Temwen**

Ou kab konsidere pou lòt moun eksplike pwendvi w ba jij dwa administratif la. Temwen kab:

- Zanmi oswa fanmi
- Ekspè yo—moun ki gen fòmasyon espesyal nan ESE
- Moun lekòl la
- Moun andeyò lekòl la ki travay ak pitit ou

Gen règ ki aplike a temwen yo:

- Ou menm ak distri eskolè a fèt pou fè echanj lis temwen yo omwen senk jou anvan odyans la fèt.
- Ou ta fèt pou mande chak temwen pale de prèv yo gen lentansyon prezante a. Pa egzanp, si w pral itilize yon rapò evalyasyon kom prèv, moun ki ekri rapò a ta fèt pou sèvi kom temwen nan odyans la.
- Si yon moun ta refize sèvi w temwen jij dwa administratif la kab oblije moun la prezante nan odyans la.

**Pandan Odyans la**

Se jij dwa administratif la kab prezide nan odyans la. Se bagay sa yo kap fèt nan chak odyans:

- Yap mande ou, avoka w, oswa defansè w, ak pèsonèl distri eskolè a eksplike pwoblèm la ak sa w ta renmen fèt.
- Wap eksplike pwendvi w, kesyonen temwen ou yo ak prezante prèv ou.
- Pèsonèl distri eskolè a, ap eksplike pwendvi li, kesyonen temwen liyo, ak prezante prèv liyo.
- Ou gendwa kesyonen temwen distri eskolè yo.
- Distri eskolè a gendwa kesyonen temwen ou yo.
- Jij dwa administratif la gendwa kesyonen nenpòt moun ak gade tout prèv.

Si w ta panse odyans la pat jis di jij dwa administratif la sa touswit.

**Aprè Odyans la**

Jij dwa administratif la pap pran desizyon li nan odyans la. Wap resevwa desizyon a, alekri pa pi ta ke nan 45 jou (oubyen plis nan sèten ka) apati di moman ou fè demann pou odyans la. Rapò alekri jij dwa administratif la fèt pou:

- Enimere tout done yo—sa li verifye ki vre yo
- Bay rezon pou tout desizyon liyo—lwa ak règ yo aplike yo
- Di desizyon yo pran pou rezoud pwoblèm la

Yap founi ni w ni distri eskolè a ak kopi rapò sa a gratis. Si w ta pito, ou gendwa mande yon vèsyon rapò a an odyotep. Ou gendwa mande tou, yon kopi gratis alekri oswa odyotepe, anrejistreman motamo odyans la.

Si w pa dakò ak desizyon jij dwa administratif la oubyen si w kwen odyans la te gen patipri ladann, ou gen de chwa:

- Ou gendwa prezante yon demann ***dapèl*** ak mande yon jijman nan tribinal distri Federal la. Pou fè sa wap bije prezante yon avi alekri nan yon delè de 90 jou apati de dat jij dwa administratif la emèt desizyon li.
- Ou gendwa prezante yon demann dapèl ak mande yon jijman nan tribinal awondisman an. Pou fè sa wap bije prezante yon avi alekri nan yon delè de 90 jou apati de dat jij dwa administratif la emèt desizyon li.

Anvan ou prezante yon demann dapèl ou fèt pou chache jwenn asistans legal. Distri eskolè yo gendwa fè demann dapèl tou.

## Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan

Nenpòt ki lè tou, ou gendwa peye epi fè yo teste pitit ou ak pote tout rezilta tès la nan yon reyinyon gwoup pèsonèl IEP a. Gwoup la va konsidere enfòmasyon ou founi a, men yo kab chwazi pou pa pran mezi ki sou enfòmasyon ou prezante a pou divè rezon. Si lekòl la te deja fè yon evalyasyon endividyèl pitit ou epi ou pa dakò ak tout rezilta evalyasyon an, ou kab mande distri a poul peye ***evalyasyon edikasyonèl endepandan an oswa/independent educational evaluation*** (IEE). Yon IEE se yon evalyasyon ki fèt pa yon moun ki pa travay pou sistèm eskolè a. Ou kab mande pou yo fè yon IEE si w gen bon jan rezon pou kwè ke evalyasyon lekòl la fè pou pitit ou:

- Pa konplè
- Pa korèk
- Pa jis

Lè ou mande pou yo fè yon evalyasyon edikasyonèl endepandan, wap mande yon dezyèm opinyon. Anvan ou mande yo fè yon IEE:

- Etidye evalyasyon lekòl la fè ak anpil prekosyon
- Pare pou eksplike poukisa ou panse evalyasyon lekòl la pa korèk, pa konplè oubyen li pa jis
- Mande moun nan lekòl la pale avek ou de evalyasyon pa yo (Petèt sa va eklèsi tout enkyetid ou yo)
- Mande lekòl la fè yon lòt evalyasyon oswa ajoute sou evalyasyon ki deja fèt la
- Pale ak administratè ESE a nan biwo distri lokal lekòl ou an

Si w deside pou mande distri a pou peye pou yon IEE, ou fèt pou fè de bagay sa yo:

- Rele administratè ESE a pou fèl konnen desizyon ou.
- Mande pou yo ba w IEE alekri. Sèten distri eskolè gen fòm ou ka sèvi avek.

Yon IEE kab koute anpil lajan. Li enpòtan anpil pou konnen davans kilès ki pral peye pou IEE anvan yo fèl. Si w pa kab mete w dakò ak distri eskolè a konsènan kilès ka pral peye pou IEE a, wap kab bezwen al nan medyasyon oswa nan yon odyans an bòn e di fòm.

- Distri eskolè a ap peye pou IEE a si distri a dakò pou fèl oubyen si nan rezilta odyans an bòn e di fòm la jij dwa administratif pase lòd ba distri a poul peye. Pèsonèl distri eskolè a ap fè w konnen si yo refize peye pou IEE a. Si yo ta refize, yo fèt pou mande yon odyans an bòn e di fòm pou pwouve ke evalyasyon yo an te korèk.
- Ou kab chwazi pou peye pou yon IEE si w vle oswa si yon jij dwa administratif deside a konsekans yon odyans an bòn e di fòm, ki di ke evalyasyon distri eskolè a konplè, korèk ak jis.

Moun ou chwazi pou fè IEE fèt pou gen bon jan fòmasyon ak kalifikasyon. Si moun la pa kalifye an bòn e di fòm, distri eskolè a pap peye pou IEE a. Distri eskolè a va founi w ak yon lis moun ki kalifye pou fè IEE ki pa fè pati sistèm eskolè a oswa yon lis tout kalifikasyon moun sa dwe genyen. Anpil fwa tou, lekòl la va ede w pwograme IEE a.

Si w peye pou IEE an epi ou remèt rapò a ba lekòl la, li pap fè pati dosye pitit ou. Gwoup la ka itilize tout rezilta yo pou ede yo pran desizyon yo ak fè plan pou edikasyon pitit ou.

## Disiplinn Timoun Enkapasite yo

Tout paran ak pwofesè yo konnen ke tout lekòl fèt pou gen sekirite ak lòd. Piske pwoblèm disiplinn la rann li pli difisil pou pwofesè anseye ak timoun aprann, tout timoun fèt pou obeyi tout règ lekòl yo. Pafwa lè yon timoun pa obeyi règ lekòl yo, yo fini pa ekspilse yo oswa mete yo an sispansyon. Timoun ak enkapasite yo gendwa kontinye resevwa tout sèvis ESE yo menm si yo mete yo deyò de plasmanyo pou rezon disiplinè.

Faktè ki swiv yo detèmine kilè yo kab mete yon timoun enkapasite deyò de plasman li pou rezon disiplinè yo ak kilè yo fèt pou kontinye ap resevwa tout sèvis yo:

- Pou konbyen tan yo metel deyò de lekòl la
- Si move konpòtman timoun la se yon ***manifestasyon*** (rezilta) enkapasite timoun la
- Si move konpòtman timoun la te gen pou wè ak zam oswa sistans ilegal yo (kankou dwòg) oubyen si ta gen gwo posibilite poul koze domaj kòpòrèl sou tèt li oswa lèzòt
- Si ekspilsyon an se yon chanjman plasman

Yo kab ekspilse yon timoun de plasman li pou rezon disiplinè pou jiska 10 jou eskolè nan yon lane, ak jou adisyonèl pou lòt zak separe oubyen move konpòtman, pouvi ekspilsyon an pa tounnen yon abitid. Mèzalò, si yo ekspilse yon timoun enkapasite de lekòl pou plis de 10 jou nan lane eskolè, timoun la fèt poul kontinye ap resevwa tout sèvis ka va edel fè pwogrè nan kourikoulòm jeneral la pou yo ka atenn tout bi lane a.

Tablo nan paj swivan an dekri kisa distri eskolè a fèt pou fè lè yo ekspilse yon timoun de lekòl pou rezon disiplinè yo.

## DISIPLINN ELÈV ENKAPASITE YO

| Jou Ekspilsyon yo | Sèvis yo |
|---|---|
| Pandan premye 10 jou ekspilsyon ***kimilatif*** yo pandan lane eskolè. | Lekòl la pap oblije founi sèvis yo si yo pa founi sèvis sayo ba elèv ki pa gen enkapasite yo ke yekspilse de lekòl la pou menm tip konpòtman. |
| Pandan nenpòt ekspilsyon de mwens de 11 jou swivi ki ta kab bay yon total de plis de 10 jou eskolè kimilatif nan yon lane eskolè. Apati de 11 yèm jou eskolè kimilatif ke yekspilsel, tout sèvis edikasyonèl fèt pou founi. | 1. Lekòl la fèt pou founi tout sèvis elèv la bezwen pou fè pwogrè nan kourikoulòm jeneral la ak tout sa yo bezwen pou satisfè bi anyèl yo. Se Pèsonèl Lekòl la ki deside ki sèvis elèv la bezwen.<br>2. Gwoup IEP a fèt pou reyini pou devlope yon plan pou mete an mach plan ***evalyasyon konpòtman fonksyonèl/functional behavior assessment*** ak devlope yon ***plan entèvansyon nan konpòtman/behavioral intervention plan*** (si yo pa deja devlope youn) oubyen fè revizyon plan ki la a ansanm ak tout enplimantasyon liyo ak chanjel ofiramezi li ta vin nesesè. |
| Pandan ekspilsyon de plis de 10 jou swivi<br>*oubyen*<br>nan yon ekspilsyon ki fè pati yon seri ekspilsyon ki ajoute ansanm fè plis de 10 jou lekòl nan nenpòt ki lane eskolè epi ki vin fòme yon abitid vi dire chak ekspilsyon, montan total peryòd tan pandan ane eskolè timoun la fè an ekspilsyon, oubyen si ensidan ekspilsyon yo repete youn aprè lòt.<br>Toulède sitiyasyon sa yo konte kom chanjman plasman. | 1. Lekòl la fèt pou founi tout sèvis elèv la bezwen pou fè pwogrè nan kourikoulòm jeneral la anvè bi anyèl yo.<br>Se Gwoup IEP a ka va deside ki sèvis elèv la bezwen.<br>2. Gwoup IEP a fèt pou reyini pou devlope yon plan pou mete an mach plan ***evalyasyon konpòtman fonksyonèl/functional behavior assessment*** ak devlope yon ***plan entèvansyon nan konpòtman/behavioral intervention plan*** (si yo pa deja devlope youn) oubyen fè revizyon plan ki la a ansanm ak tout enplimantasyon liyo ak chanjel ofiramezi li ta vin nesesè.<br>3. Gwoup IEP a fèt pou redije yon revizyon ke yo rele ***manifestation determination review*** nan 10 jou eskolè de kelkeswa desizyon ki pran osijè de chanje plasman elèv enkapasite yo pou vyolasyon kòd kondwit elèv la.<br>A. Si move konpòtman an pa koze pa enkapasite elèv la, elèv la ap disipline menm jan ak nenpòt ki lòt elèv ki pa enkapasite men elèv la fèt pou kontinye resevwa tout sèvis edikasyonèl yo pandan ekspilsyon an.<br>B. Si move konpòtman an se akòz enkapasite elèv la e li pat gen anyen pou wè ak zam, dwòg, oswa domaj kòpòrèl sou tèt li oswa zòt, lekòl la ta mèt replase elèv la nan plasman li oubyen lekòl gen chwa pou li chanje plasman timoun la atravè reyinyon nòmal gwoup IEP ak tout pwosedi ki rele ***chanjman plasman*** oswa***change of placement***. Si te gen fay nan IEP a oswa plasman an, lekòl la fèt pou remedye fay sa yo.<br>C. Si move konpòtman an se ***akòz*** enkapasite elèv la epi te gen zam, dwòg oswa domaj kòpòrèl, gwoup IEP a ava detèmine yon altènatif enterim nan anviwònman edikasyonèl la.<br>D. Si move konpòtman elèv la se akòz enkapasite elèv la epi yon ***ofisye administratif la*** detèmine ke elèv la ta kab danjre pou tèt li oswa zòt, pèsonèl lekòl la va rekomande yon plasman altènatif enterim ba ofisye administratif la ka va pran desizyon sou plasman elèv la. |

## Dosye Lekòl yo

Lekòl yo kenbe anpil dokimantasyon alekri sou elèv enkapasite yo. Dosye sa yo gen enfòmasyon pèsonèl ak prive sou pitit ou. Lwa "The Family Educational Rights and Privacy Act" ansanm ak lòt lwa yo konfere w anpil dwa ki gen rapò ak dosye lekòl yo. Dwa sa yo enkli:

- Dwa pou wè tout dosye pitit ou
- Dwa pou tout dosye lekòl rete konfidansyèl
- Dwa pou mande yo chanje dosye lekòl
- Dwa pou mande yon odyans sou dosye lekòl

Si w kwè distri eskolè a vyole tout lwa dosye yo, ou ta mèt prezante plent nan Biwo Family Policy Compliance Office of the United States Department of Education at:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington, DC  20202-5920
Phone: 1-800-USA-LEARN (1-800-872-5327)

### Dwa pou wè tout dosye Pitit ou yo

Ou gendwa wè ak li nenpòt dosye lekòl pitit ou. Ou kab mande yon lòt moun tou—kankou zanmi, fanmi oswa konseye—gade tout dosye yo si w vle.

- Si w mande, pèsonèl lekòl la fèt pou di w ki dokimantasyon yo genyen sou pitit ou. Yo fèt pou di w tou ki kote yo gade dosye yo.
- Si w mande wè dosye pitit ou, lekòl la fèt pou montre w dosye yo san nesesite delè epi anvan kelkeswa reyinyon konsènan IEP pitit ou oubyen odyans an bòn e di fòm. De tout lè fason, lekòl la gen 30 jou di moman ou mande wè dosye yo pou yo montre w yo.
- Lekòl la pa gendwa detwi okenn dosye w mande wè anvan w gen chans pou wè yo.
- Ou gendwa mande kopi nenpòt dosye ke lekòl la kenbe. (Yo kab mande w peye pou fè kopi a.)

Yon moun nan lekòl la ava eksplike kisa ki nan dosye yo ak eksplike nenpòt sa w pa ta konprann.

### Dwa pou Mande ke Tout Dosye Lekòl la kenbe rete Konfidansyèl

Tout dosye lekòl ki gen non pitit ou, dat de nesans li, adrès li, ak nimewo sosyal li—oswa non pa w—fèt pou rete konfidansyèl. Yo kab founi oswa montre dosye sa yo ba sèten moun ak sèten kondisyon, kankou:

- Moun ki fè pati lekòl la  oswa distri eskolè a ki gen bon jan rezon pou wè yo

- Lòt lekòl yo oswa college kote pitit ou ap chache enskri
- Otorite  Edikasyonèl Federal, leta, oswa lokal yo
- Tout òganizasyon kote piti w aplike pou resevwa èd finansye
- Tout òganiazsyon kap fè rechèch edikasyonèl yo

Epi tou, ditri eskolè yo kab rapòte tout zak kriminèl jivenil yo komèt ba otorite yo ak nan sèten sikonstans remèt tout dosye ESE yo ak rapò disiplinè yo bay otorite yo oswa ajans fòsdelòd yo.

Pèsonèl lekòl la ap kenbe lis tout moun yo swa montre oubyen voye dosye pitit ou bay. Lis sa a, ap gen ladann non moun la, kilè moun la te sèvi ak dosye yo, ak poukisa moun la te bezwen dosye yo. (Non ou ak tout non moun ki travay pou lekòl la pa oblije fè pati lis sa a.) Lis sa a ap fè pati tout dosye pitit ou pou sa ka wèl.

Si yon moun ki pa otorize wè dosye sa yo mande pou wè yo, lekòl la ap mande w siyen yon fòm konsantman. Fòm sa a ap fè w konnen:

- Kilès kap pral resevwa dosye yo
- Ki dosye eskolè yap bayo
- Ak poukisa yo bezwen dosye eskolè yo

Anvan ou deside si wap siyen ou pa fòm la, ou kab vle mande pou:

- Pou wè dosye an oumenm
- Pale ak moun ki vle dosye yo
- Pale de dosye yo ak yon moun nan lekòl la
- Ak si yap montre moun la dosye yo oubyen si se kopi yap voye ba moun la poul kenbe.

Enfòmasyon anlè a konsennen dosye lekòl yo. Lòt dosye konsenan pitit ou kab konfidansyèl tou.

## Dwa pou mande Chanje Dosye lekòl yo

Si w ta wè kèk bagay nan dosye pitit ou ke w panse ki pa ta jis, ou kab mande pou yo chanje dosye a. Ou fèt pou eksplike poukisa ou panse ke gen yon pwoblèm nan dosye a. Ou kab mande pou yo:

- Ajoute kichoy nan dosye a
- Retire kichoy nan dosye a
- Chanje kickoy nan dosye a

Tout sa w mande anlè a fèt pou alekri. Pèsonèl lekòl ap swa fè sa w mande a oubyen voye yon lèt ba w ki di ke yo refize fè chanjman ou mande a. Yap fè w konnen tou, ke w gendwa mande yon odyans.

## Dwa pou mande yon odyans konsènan dosye lekòl yo

Si lekòl la ta refize fè chanjman ou mande yo fè nan dosye pitit ou, ou gendwa mande yon odyans. Se pa yon odyans an bòn e di fòm liye. Men, anvan ou mande tip odyans sa a:

- Asire w ke w byen konprann sa dosye yo di. Mande yon moun nan lekòl la oswa andeyò lekòl la pou revize tout dosye yo avek ou.
- Pale ak direktè lekòl la de pwoblèm la. Asire w ke yo byen konprann sa w vle ak poukisa.
- Debat pwoblèm la ak administratè ESE a nan biwo distri eskolè lokal ki koresponn ou an.
- Ekri yon lèt ki eksplike sa w vle. Mande pou yo voye repons a lekri ba w.

Kelkeswa sa yo ta deside nan odyans la, ou gendwa mete yon nòt nan dosye pitit ou ki eksplike pwendvi pa w. Nenpòt lè yo pibliye dosye a, nòt ou ap pibliye tou ansanm ak dosye a.

**Nòt:** Lekòl la oblije kenbe dosye pèmanan pitit ou oubyen enfòmasyon byen espesifk sou pitit ou pou yon peryòd tan daprè previzyon ki dekri nan Depatman Leta La Florid nan Seksyon Achiv Jeneral yo. Chak konsèy eskolè genyen règ pa yo sou metòd kijan yo gade tout dosye edikasyonèl yo. Yon fwa enfòmasyon ki pa fè pati dosye pèmanan pa itil pou founi sèvis edikasyonèl ba pitit ou, distri eskolè ap fè yon revizyon ak elimine enfòmasyon ki pa itil ankò yo detanzantan.

## Resous Adisyonèl yo

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, ou kab mande kopi dokiman swivan sa yo, ak yon dal lòt nan adrès BRIC, email, oswa nimewo telefòn ki enimere andedan paj kouvèti gid sa a. Yo disponib an liy tou nan http://www.fldoe.org/ese/pubxhome.asp.

- "Notice of Procedural Safeguards for Parents of Students with Disabilities"
- *Volume I-B: Florida Statutes and State Board of Education Rules—Yon liv ki genyen* ladan tèks tout lwa ak règ la Florid ki gen rapò ak edikasyon elèv enkapasite yo

Kontakte biwo ESE nan distri ou pou ka jwenndokiman règ*ESE Policies and Procedures oubyen al nan paj* http://www.fldoe.org/ese/ppd.asp ak chwazi distri w an nan lis la ak jwenn kopi an liy.



Foto koutwazi de: Stockbyte/Thinkstock

# Chapit 9—Konsève Dokiman

Chapit sa a la pou ede w kenbe kont tout enfòmasyon enpòtan sou pitit ou ak edikasyon pitit ou. Lap ede w òganize enfòmasyon sou tout reyinyon yo, nòt yo, ak tout lòt papye ki fè pati pwosesis planing ak fòmasyon kontinyèl pitit ou.

Sèten papye w pral resevwa nan men moun oswa papye ou redije ou menm ke wap bezwen enkli:

- Tout rezilta ak rapò egzamen Leta ak distri yo
- Plan edikasyonèl pitit ou—IEPs ak IFSP yo
- Tout rapò pwogrè yo ansanm ak kanè nòt yo
- Tout echantiyon travay pitit ou
- Tout rapò evalyasyon yo
- Tout lèt oswa emails ke w resevwa swa de lekòl oubyen pwofesè pitit ou
- Tout fòm konsantman lekòl la mande w siyen
- Tout dosye oswa rapò doktè oubyen lòt moun ki pa fè pati lekòl la ki travay ak pitit ou
- Tout lèt, emails, oubyen lèt enfòmasyon ki soti de tout ajans kankou Depatman Edikasyon la Florid oswa Depatman Timoun ak Fanmi La Florid
- Tout kopi lèt oswa nòt ou janm voye ba lekòl la oswa pwofesè pitit ou
- Tout nòt ak dat apèl telefonik, reyinyon, ak vizit yo

**Aranjman Espesyal**—Yon fason diferan pou fè bagay yo ki pran an konsiderasyon enkapasite elèv la. Pa egzanp, lè yon elèv ak enkapasite vizyèl etidye yon manyèl eskolè atravè odyo ak liv anrejistre, elèv sa ap sèvi ak aranjman espesyal. Aranjman espesyal yo se chanjman ki fèt nan *fason* yo anseye oswa egzamine yon elèv. Aranjman espesyal yo pa chanje tout egzijans yon leson oswa tout estanda elèv la fèt pou ranpli. Konpare ak sa yo rele "modifikasyon."

**Asistan Sosyal Lekòl**—Yon pwofesyonèl ki founi sèvis nan kay, enkli konferans ant paran ak elèv, oryantasyon pou fanmi, edikasyon paran, enfòmasyon ak refere, orijin devlopman sosyal, ak evalyasyon konpòtman yo. Yo founi sèvis tou nan lekòl ak kominote ansanm ak pou gwoup paran yo.

**Asistans Teknolojik (AT)**—Aparèy Asistans teknolojik oswa sèvis yo. Al anba a.

**Avi**—Yon nòt oswa lèt yo voye ba paran yo ki notifye yo de yon mezi lekòl la gen lentasyon aplike kap afekte edikasyon timoun la.

**Avi Alekri**—Yon kominikasyon alekri de lekòl la a paran a, ki dekri yon mezi lekòl la gen lentasyon pran ka pral afekte edikasyon pitit ou.

**Bi Anyèl**—Ale nan "bi anyèl mezire yo."

**Bi Anyèl Mezire yo**—Yon bilan nan IEP a ki pale de kisa elèv la bezwen aprann ak fèt pou aprann nan yon lane.

**Chanjman Plasman**—Yon chanjman ki fèt nan tip plasman ki enimere nan IEP elèv enkapasite a. Li enkli chanjman de yon plasman ak plis restriksyon a yon plasman ak mwens restriksyon, oubyen alanvè. Nenpòt ki desizyon konsènan chanjman fèt pou fèt nan reyinyon IEP.

**Defann Kòz ou**—Pran kontwòl ak pran desizyon ki afekte lavi pèsonèl ou. Defans lejitim koz pèsonèl ap ede elèv enkapasite a fè tout chwa liyo, etabli bi yo ak jere pwòp vi yo.

**Defans Pèsonèl**—Tout mezi yon moun enkapasite pran pou asire ke yo konprann tout bezwen liyo epi yo reponn a tout bezwen sa yo, respekte tout dezi yo, ak onore tout dwa liyo.

**Difikilte pou Pale**—Yon elèv ki gen difikilte pou pale difisil a konprann. Pou kalifye pou tout pwogram ak sèvis pou elèv ki gen difikilte pou pale yo, elèv la fèt pou satisfè tout kondisyon enimere nan Règ Konsèy Edikasyon La Florid yo. (Règ 6A-6.03012, F.A.C.)

**Diplòm Espesyal**—Diplòm high school pou elèv enkapasite yo ki pakab reyini tout kondisyon pou yo jwenn diplòm high school nòmal la. Elèv yo fèt pou reyini tout kondisyon espesyal konsèy distri eskolè a.

**Diplòm GED**—Yon diplòm high school yon elèv ki gen omwen 18 an akeri aprè li pase Egzamen Devlopman Edikasyon Jeneral yo oswa General Educational Development (GED). Se leta la Florid ki emèt Diplòm GED a olye de distri eskolè a.

**Diplòm Nòmal**—Se diplòm yo bay tout elèv ki satisfè a yon nonm kredi espesifik ak yon mwayèn, ak ranpli tout kondisyon Next Generation Sunshine State Standards, pase egzamen gradyasyon leta a ak tout egzamen final yo egzije yo. Se sa yo rele diplòm edikasyon jeneral.

**Èd Siplemantè ak tout Sèvis yo**—Èd ak tout sèvis yo founi nan klas edikasyon jeneral yo ak tout lòt edikasyon anviwònman ak tout konpleman yo ki pèmèt elèv enkapasite a resevwa yon edikasyon ansanm ak tout elèv ki pa enkapasite yo. Tout sa yo enimere nan IEP.

**Edikasyon Adekwa Gratis/Free Appropriate Public Education (FAPE)**—Tèm yo itilize nan lwa federal (IDEA) pou dekri dwa yon elèv enkapasite pou resevwa sèvis espesyal yo ka va satisfè tout bezwen endividyèl liyo pou aprann, ki gratis.

**Edikasyon Elèv Eksepsyonèl (ESE)**—Se non yo bay tout pwogram ak sèvis edikasyonèl nan La Florid pou elèv ki gen bezwen espesyal pou aprann (li enkli tout elèv enkapasite yo ak sa ki dwe yo). Pafwa yo relel "edikasyon espesyal."

**Edikasyon Espesyal**—Ale nan "edikasyon elèv eksepsyonèl."

**Edikasyon Jeneral**—Patisipasyon elèv yo nan pifo klas ak aktivite yo. Li enkli edikasyon akademik ak vokasyonèl.

**Elèv Eksepsyonèl**—Yon elèv ki daprè Règ Konsèy Edikasyonèl Leta La Florid la gen bezwen espesyal pou aprann. Li enkli tout elèv enkapasite yo. Li enkli tou, timoun ki dwe yo. Yon timoun pa bije lekòl pou yo klasel kòm "elèv eksepsyonèl."

**Eksepsyonalite**—Yon enkapasite oswa bezwen espesyal pou rive aprann.

**Elijib**—Gen pou wè ak elèv ki satisfè tout kondisyon nesesè yo ak bezwen tout sèvis ESE yo. Desizyon an baze sou tout Règ Konsèy Edikasyonèl la Florid yo.

**Elijibilite Pèsonèl**—Yon reyinyon kote paran yo ansanm ak pèsonèl lekòl la deside si elèv la kalifye pou resevwa tout sèvis ESE yo. Desizyon sa a baze sou rapò evalyasyon yo ak lòt enfòmasyon. Pou kalifye, elèv la fèt pou satisfè tout kondisyon ki enimere nan tout Règ Konsèy Edikasyonèl La Florid yo.

**Emosyonèl**—Gen rapò ak tout santiman moun santi ak jan yon moun reyaji ak eksprime emosyon liyo.

**Enkapasite**—Yon kondisyon ki anpeche yon moun aprann oswa fè bagay menm jan ak tout lòt moun. Gen enkapasite ki tanporè ak enkapasite pèmanan.

**Enkapasite Aprantisaj Espesifik/Specific Learning Disabilities (SLD)**—Se yon elèv ki gen twoub nan youn oswa plizyè pwosesis aprantisaj ki gen rapò ak konprannoswa izaj lang pale oswa lang ekri. Yon elèv ki soufri de SLD kab gen plis difikilte pou koute, li, ekri, eple oswa fè matematik. Pou kalifye pou tout pwogram ak sèvis pou elèv ki soufri ak enkapasite aprantisaj espesifik yo, elèv la fèt pou satisfè tout kondisyon enimere nan tout Règ Konsèy Edikasyon Leta la Florid yo. (Règ 6A-6.03018, F.A.C.)

**Enkapasite Emosyonèl oswa Enkapasite Konpòtman/Emotional and Behavioral Disabilities (EBD)**—Yon moun ki gen yon enkapasite emosyonèl ak konpòtman se yon moun ki reponn a emosyon oswa konpòtman yon fason ki pa fè sans pou laj li, ni kilti li, ni seks li, oswa rezon fizik epi ki prezante difikilte pou elèv la aprann. Pou kalifye pou tout pwogram ak sèvis pou elèv ki gen enkapasite emosyonèl ak konpòtman, yon elèv fèt pou satisfè tout kondisyon enimere nan Règ Konsèy Edikasyon Leta La Florid yo. (Règ 6A-6.03016, F.A.C.)

**Enkapasite Entelektyèl (InD)**—Yon timoun ki gen yon enkapasite entelektyèl pli lantman pase lòt elèv yo. Pou kalifye pou tout pwogram ak sèvis pou timoun ki gen enkapasite entelektyèl yo, yon elèv fèt pou li reyini tout kondisyon enimere nan Règ Konsèy Edikasyonèl La Florid yo. (Règ 6A-6.03011, F.A.C.)

**Enkapasite nan Pale**—Yon twoub nan youn oswa plizyè pwosesis aprantisaj de baz ki gen pou wè ak konprann oswa pale sal tande oubyen sa ki ekri a. Pou yon elèv kalifye pou resevwa tout pwogram ak sèvis pou elèv ki gen enkapasite pou pale, yon elèv fèt pou li satisfè tout kondisyon enimere nan Règ Konsèy Edikasyonèl Leta La Florid yo. (Règ 6A-6.030121, F.A.C.)

**Enkapasite Òtopedik**—Yon pwoblèm grav nan zo, misk ak sistèm newomiskilè elèv la. Pou elèv ak enkapasite òtopedik kalifye pou tout pwogram ak sèvis sa yo, elèv la fèt pou satisfè tout kondisyon ki enimere nan Règ Konsèy Edikasyonèl La Florid yo. (Règ 6A-6.030151, F.A.C.)

**Enkapasite pou Aprann**—Ale nan “enkapasite espesifik nan aprantisaj yo.”

**Enkapasite Sansoryèl Doub/Dual-SensoryImpaired (DSI)**—Yon moun ki soufri ak doub enkapasite sansoryèl se yon moun ki gen difikilte ni pou wè ak tande opwen ke moun la bezwen tout sèvis ki adrese toulède enkapasite sansoryèl sa yo. Pou kalifye pou tout pwogram ak sèvis pou elèv ki gen enkapasite doub sansoryèl yo, yon elèv fèt pou li reyini tout kondisyon ki enimere nan Règ Konsèy Edikasyonèl La Florid yo. (Règ 6A-6.03022, F.A.C.)

**Entène Lopital oswa Fèmen nan kay akòz maladi/Hospitalized or Homebound (HH)**—Yon elèv va kalifye pou pwogram sa a lè yo oblije resevwa ansèyman lakay yo oswa lopital pou yon

peryòd tan pwolonje akòz yon maladi grav, blesi grav, oswa pwoblèm sante. Pou kalifye pou tout pwogram ak sèvis pou elèv ki entène lopital oswa fèmen nan kay, elèv la fèt pou reyini tout kondisyon enimere nan tout Règ Konsèy Edikasyon La Florid yo. (Règ 6A-6.03020, F.A.C.)

**Entèvansyon yo**—Yon seri Estrateji ke yo itilize pou ede elèv la fè pwogrè nan aprantisaj oswa konpòtman.

**ESE**—Ale nan "edikasyon elèv eksepsyonèl."

**Espesyalis Elijibilite**—Yon moun ki jere reyinyon elijibilite pèsonèl la ak asire ke yo satisfè tout egzijans nan Règ Konsèy Edikasyon Leta a.

**Estanda Komen de Baz yo**—Tout estanda Nasyonal yo ki founi ak yon antannman ki konsistan, klè de sa yatann elèv la va aprann, pou pwofesè ak paran yo konnen kisa pou fè pou ede yo. La Florid ap adopte tout estanda sa yo apati de 2012.

**Evalyasyon (Assessment)**—Yon fason pou konpile enfòmasyon sou sa elèv la konnen ak sal ka fè ak sa li manke pou aprann toujou. Evalyasyon yo kab enkli egzamen yo, obsève elèv la, ak revizyon dosye edikasyonèl ak echantiyon tout travay elèv la.

**Evalyasyon (Evaluation)**—Yon fason pou rasanble enfòmasyon sou tout bezwen ansèyman elèv la, kisa li metrize, ak entere liyo. Yo sèvi ak evalyasyon sa a pou detèmine si elèv la gen yon enkapasite oswa kalifye pou resevwa tout pwogram ak sèvis ESE yo. Li kab enkli administrasyon egzamen endividyèl, obsève elèv la, revize tout dosye yo ak pale ak elèv la ansanm ak paran yo.

**Evalyasyon Altènatif La Florid**—Yon evalyasyon yo itilize pou elèv enkapasite lè evalyasyon estanda leta oswa distri nasyonal yo pa apwopriye pou elèv la. Ale nan "evalyasyon."

**Evalyasyon Aprè Klas Fini/End of Course (EOC) Assessments**—Evalyasyon aprè klas fini se yon seri egzamen ki fèt pou mezire akonplisman elèv la nan tout estanda espesifik pou klas a nivo high school yo.

**Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan/Independent Educational Evaluation (IEE)**—Se yon evalyasyon paran elèv la mande epi ki prepare pa yon moun ki pa travay pou distri eskolè a. Swa paran oswa distri eskolè a gendwa peye pou IEE a.

**Evalyasyon Endividyèl**—Ale nan "evalyasyon."

**Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl/Functional Behavioral Assessment (FBA)**—Se pwosesis rasanble enfòmasyon konsènan pwoblèm konpòtman elèv enkapasite yo. Enfòmasyon ki enkli kilè, ki kote, ak nan ki sikonstans konpòtman an te fèt.

**FAPE**—Ale nan "Edikasyon piblik adekwa gratis."

**Fizik**—Ki gen rapò ak izaj oswa byenèt kò a. Yon egzanp aptitid fizik se kapab chita sou yon chez ak bon jan ekilib ak bon jan pòz.

**Fòmasyon Pwofesyonèl**—Li gen rapò ak tout aptitid nesesè yo pou yon pwofesyon oswa karyè teknik. Egzanp tip aptitid pou fòmasyon pwofesyonèl yo se tape, mekanik, ak chapantye.

**Fonksyonè Odyans**—Ale nan "jij dwa administratif."

**Fonksyònman Endepandan**—Jan yon moun debwouyel pou li fè pwòp afèl, kankou manje poukont li, abiye poukont li, okipe ijyèn li poukont li, vwayaje an sekirite; ak jere tan li ansanm ak tout estrateji òganizasyonèl yo.

**Idantifikasyon**—desizyon ki detèmine ke yon elèv gen yon enkapasite ak tip enkapasite a.

**IDEA**—Ale nan "Lwa Edikasyon pou Endividi ak Enkapasite yo."

**IEP**—Ale nan "plan endividyèl edikasyonèl/individual educational plan."

**IFSP**—Ale nan "Plan sipò lafanmi individyèl."

**Lwa Edikasyon pou Endividi ak Enkapasite yo/Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)**—Yon lwa Ameriken enpòtan konsènan edikasyon tout elèv enkapasite yo.

**Jij Dwa Administratif (ALJ)**—Moun kap chita sou odyans an bòn e di fòm la ak pran tout desizyon aprè odyans la fini. Jij Dwa Administratif la pa gendwa travay pou distri eskolè lokal la. Nan la Florid, jij dwa administratif la travay pou Divizyon Odyans Administratif yo ki fè pati Depatman Sèvis Jerans La Florid yo. Jij Dwa Administratif la pa fèt pou ni konnen elèv la, ni nan zanmitay ak paran youn nan manm lafanmi a. Yo pa fèt pou nan patipri—ak jis anvè ni paran yo ni distri eskolè a.

**Kalifikasyon**—Ale nan "elijibilite pou kalifye."

**Kimilatif**—Ke yajoute youn sou lòt. Si yo mete yon elèv an sispansyon pou twa jou an oktob, senk jou an janvye, ak de jou an me, elèv la te an sispansyon pou 10 jou kimilatif.

**Konfidansyèl**—Prive, ke lòt moun pa fèt pou wè. Tout dosye Lekòl konfidansyèl, sèl pèsonèl lekòl, paran yo, ak lòt ki gen otorizasyon daprè lalwa gendwa wè yo.

**Konsantman**—Otorizasyon yon paran ki pèmèt lekòl la pran mezi ki afekte edikasyon pitit yo. Nòmalman, paran an siyen yon fòm ki di ke li bay konsantman li.

**Kourikoulòm Jeneral**—Tout matyè akademik pifo elèv ki pa gen enkapasite yo etidye. Nan La Florid kourikoulòm jeneral la se sa yo rele Next Generation Sunshine State Standards oswa Common Core, ki dekri sa yo espere elèv la konnen ak fè a divè nivo nan edikasyon yo.

**Kritè pou Elijibilite**—Tout kondisyon yon timoun fèt pou satisfè pou li ka kalifye nan kategori eksepsyonèl la (pwogram). Kritè elijibilite pou chak kategori eksepsyonèl la enimere nan tout Règ Konsèy Edikasyonèl La Florid yo.

**Laj Majè**—Se laj lè yo deklare yon moun majè daprè lalwa. Tout dwa paran yon elèv enkapasite transfere ba elèv la dimoman li pran laj majorite. Nan la Florid ou majè a laj de 18 an, amwens ke daprè lalwa let a, yo ta deklare elèv la enkonpetan oubyen yo nonmen yon gadyen defansè pou pran tout desizyon ki gen rapò ak edikasyon li. Ale tou nan "*transfè dwa yo*."

**Leson Edikasyonèl yo**—Tip klas yon elèv gen lentansyon pran pou li rive satisfè tout bi mezire klas segondè avanse yo.

**Lòt Enkapasite Sante yo/Other Health Impairments (OHI)**—Tout pwoblèm sante ki afekte fòs elèv la, eneji oswa lisidite mantal li. Pou elèv ki gen lòt enkapasite sante yo kalifye pou tout pwogram ak sèvis yo, elèv la fèt pou reyini tout kondisyon ki enimere nan Règ Konsèy Edikasyonèl La Florid yo. (Règ 6A-6.030152, F.A.C.)

**Lye**—Ki kote yap founi tout sèvis ESE yo, kankou "klas edikasyon jeneral" oswa "klas ESE."

**Manifestasyon**—Si move konpòtman elèv la se akòz enkapasite a, move konpòtman an rele "manifestasyon" enkapasite a.

**Medyasyon**—Yon pwosesis kote paran yo ansanm ak pèsonèl lekòl la eseye rezoud dispit yo ak èd yon moun ki gen ekspètiz na rezoud konfli yo.

**Mobilite**—Li gen rapò ak jan li sèvi ak gwo misk ak ti misk yo pou fè mouvman ak kò li. Egzanp mobilite yo se mache, kenbe ak ekri ak kreyon, ansanm ak louvri pòt.

**Modifikasyon**—Chanjman ki fèt nan kondisyon yon klas oswa tout estanda elèv la fèt pou satisfè. Chanjman nan *sa* yo anseye elèv la ak sou kisa yo egzaminel. Chanjman an baze sou tout bezwen ki nesesè pou elèv la daprè enkapasite li. Konpare avek "aranjman espesyal."

**Next Generation Sunshine State Standards**—Yon seri objektif ki dekri sa yo espere elèv la Florid konnen ak  fè a divè etap nan edikasyon eskolè yo. Pifo elèv enkapasite yo kab satisfè tout estanda sa yo si yo resevwa sèvis ak aranjman espesyal adekwa yo.

**Nivo Aktyèl Akonplisman Akademik ak Pèfomans Fonksyonèl**—Anotasyon nan IEP ki dekri sa elèv la ka fè oubyen sa yo konnen aktyèlman.

**Objektif a kou tèm yo**—Anotasyon nan IEP ki dekri tout ti pa piti, mezirab ke yon elèv fèt pou swa aprann oubyen metrize anvan yo kab atenn bi anyèl mezire yo. Ale tou nan "pwen de referans yo."

**Odyans an Bòn e Di Fòm**—Yon reyinyon fòmèl pou rezoud yon dezakò ant paran ak distri eskolè a osijè de yon evalyasyon, kalifikasyon, plasman, sèvis yo, oswa IEP yon timoun enkapasite. Se yon Jij Dwa Administratif kap prezide sou reyinyon an.

**Otòfonis**—Yon pwofesyonèl ki gen fòmasyon pou idantifye tout twoub kominikasyon yo. Otòfonis la ap ede elèv la ak tout difikilte pou pale yo. Yo travay ansanm ak pwofesè yo pou ede timoun la ak tout pwoblèm kominikasyon yo ak devlope leson ki gen rapò ak pwosesis kominikasyon. Yo travay ak paran yo tou pou konprann ak ede pitit yo ak tout difikilte yo genyen nan kominikasyon.

**Otonòm**—Ki gen rapò ak tout aptitid kap pèmèt elèv la fè bagay poukont li. Egzanp yon moun otonòm se kapasite pou abiyel poukont li oswa travèse lariya san èd.

**Patispasyon**—Pataje, kole tèt ansanm, oswa travay ak lèzòt pou pran desizyon oswa konplete yon pwojè (kankou redije yon IEP IEP).

**Peryòd Tan**—IEP a gen ladann tout kantite sèvis ESE yo yon elèv ava resevwa. "Peryòd Tan" se peryòd tan ki etabli pou yon elèv enkapasite resevwa sèvis pandan ane eskolè a oswa ane eskolè pwolonje a.

**Plan Edikasyonèl Endividyèl/Individual Educational Plan (IEP)**—Yon plan alekri ki dekri tout bezwen nesesè, endividyèl elèv enkapasite a aprann ansanm ak tout sèvis ESE yo, sipò yo, èd yo, ak aranjman espesyal yo ak modifikasyon yap founi ba elèv la.

**Plan Entèvansyon Konpòtman/Behavior Intervention Plan (BIP)**—Yon plan ki ede elèv enkapasite a redwi sou pwoblèm konpòtman yo. Plan BIP a enkli ansèyman divè estrateji ka va pèmèt elèv la frennen pwoblèm konpòtman a oubyen aprann ranplasel ak lòt tip konpòtman. BIP eksplike tou kijan pou detèmine pwogrè elèv la fè nan frennen pwoblèm konpòtman.

**Plan Sipò Endividyèl Lafanmi (IFSP)**—Yon plan alekri ki dekri tout enkyetid ak bezwen fanmi a konsènan devlopman timoun la dimoman li fèt jiska rive laj de dezan ki enkapasite oswa ki retade nan devlopman. Li enimre tout sèvis yap founi ba timoun la ak fanmi li. Yo kab itilize yon IFSP olye de yon IEP pou timoun ki gen twa, kat, oswa senkan.

**Plasman**—Tip anviwònman kote elèv la va resevwa tout sèvis espesyal yo. Plasman an kap enkli, youn oswa plizyè sal klas oswa lòt zòn kote la pral resevwa tout sèvis yo a yon moman done.

**Plasman Tanporè**—Plasman aktyèl elèv la, elèv la ap rete nan plasman sa a jiskaske yo rezoud dispit la atravè yon pwosesis an bòn e di fòm.

**Plent**—Reklamasyon fòmèl yon paran ki di ke distri eskolè a te vyole lwa ki gen rapò ak edikasyon elèv enkapasite yo.

**Plent Fòmèl**—Ale nan "plent."

**Prèv**—Tout materyo yo (egzanp dosye yo, lèt yo, nòt yo, tout modèl travay yo) ke paran ak distri eskolè yo itilize nan yon odyans an bòn e di fòm pou pwouve ke se pwendvi yo ki korèk.

**Pwen Daksè yo**—Akonplisman Akademik yo ki ekri espesifikman pou elèv ki gen enkapasite entelektyèl yo. Antan ke pati de sa yo rele ***Next Generation Sunshine State Standards***, tout pwen daksè yo reflete esans oswa nanan ki sèvi de baz tout estanda ki aplike pou elèv nan menm klas yo, mèzalò, a yon nivo mwen konplike.

**Pwen de Referans yo**—Komantè ki parèt nan IEP a ki dekri tout etap enpòtan yo ke elèv la fèt pou atenn pou li ka satisfè "tout bi mezire yo." Ale tou nan "objektif a kou tèm yo."

**Pwoteksyon Pwosedi yo**—Tout egzijans ki defini nan IDEA a ki bay paran yo tout dwa pou patisipe, resevwa avi, ak bay pèmisyon (konsantman). Tout pwoteksyon pwosedi sa yo detèmine tou kijan paran ak lekòl yo kab rezoud tout dezakò yo atravè medyasyon, odyans an bòn e di fòm oswa pwosedi plent yo.

**Ranvwa**—Yon desizyon pou tèmine ak tout sèvis ESE yo paske elèv la pa enkapasite ankò oubyen li pa bezwen sèvis sa yo ankò. Gwoup IEP a fèt pou revize evalyasyon yo ansanm ak lòt enfòmasyon konsènan elèv la anvan yo pran desizyon sa a. Tout paran ap resevwa avi alekri anvan yo kanpe ak tout sèvis.

**Reevalyasyon**—Yon evalyasyon ki fèt aprè elèv ki fin deja ap resevwa tout sèvis ESE yo. Yon elèv ak enkapasite fèt pou reevalye omwen chak twazan. Bi reevalyasyon an se deside si elèv la kontinye ak enkapasite ak si tout sèvis lap resevwa yo adekwa toujou.

**Refere**—Demann pou yo bay yon timoun evalyasyon endividyèl. Paran, pwofesè, doktè, oubyen nenpòt kimoun ki travay ak timoun la kab referel ba yon sèvis ou pwogram. Timoun pa oblije lekòl pou yo refere yo ba yon pwogram oswa sèvis.

**Règ Konsèy Edikasyon**—Tout règ ki devlope pou enplimante tout lwa La Florid konsènan edikasyon.

**Reta nan Devlopman (DD)**—Yon timoun aje de twa a senkan ki gen devlopman retade ki devlope pi lantman pase lòt timoun parèy nan domèn devlopman aptitid pou ***debwouyel poukont li***, kominikasyon, aptitid entelektyèl yo, aptitid sosyal oswa emosyonèl, oswa devlopman oubyen kapasite deplasman. Pou yon elèv kalifye pou resevwa tout pwogram ak sèvis pou elèv ki gen reta nan devlopman, yon elèv fèt pou reyini tout kondisyon ki enimere nan Règ Konsèy Edikasyon la Florid la. (Règ 6A-6.03027, F.A.C.)

**Revizyon Detèminasyon Manifestasyon an**—Yon reyinyon kote youn nan manm ekip la deside si enkapasite elèv la se li ki lakòz move konpòtman an.

**Revizyon IEP**—Reyinyon pou diskite chanjman nan IEP elèv enkapasite a. Nenpòt nan manm ekip IEP a, enkli paran a, kab mande pou fè revizyon IEP a.

**Reyinyon Ekip IEP**—Yon reyinyon ki fèt omwen chak 12 mwa pou redije IEP elèv la. Tout chanjman konsènan sèvis oswa plasman elèv la fèt pou fèt nan reyinyon IEP.

**Reyinyon Tranzisyon IEP a**—Se yon reyinyon IEP pou elèv ki gen 16 zan oubyen pi gran. Pi gwo rezon pou reyinyon sa a se ede nan planifikasyon tranzisyon jèn moun la rantre nan vi granmoun.

**Rezolisyon Pwoblèm/Reyaksyon a Entèvansyon oswa Enstriksyon/Response to Intervention or Instruction (RtI)**—RtI se yon pwosesis pou rezoud pwoblèm ki chache koresponn ak tout bezwen elèv yo. Sa mande konprann nan ki domèn elèv la gen difikilte; ki fèt yon fason pou ede elèv la (yon entèvansyon); swiv kijan elèv la reyaji a entèvansyon an; ak chanje, redwi, oswa ogmante entansite entèvansyon depandan de kijan elèv la reyaji.

**San Patipri**—Ki jis. Yon moun jis se yon moun ki pa nan patipri. Pa egzanp, moun kap prezide nan odyans bòn e di fòm la pa fèt pou travay pou distri eskolè a ni pa fèt pou nan zanmitay ak paran a.

**Sans**—Ki gen rapò ak izaj tout sans tande, wè, manyen (santi), santi oswa goute ki fè pati pwosesis aprann la. Yon egzanp izaj defini sans yo se kapasite pou fè diferans ant lèt yo ak alfabè a.

**Sètifika Finisman**—Sètifika yo bay tout elèv ki pase tout klas yo egzije nan high school men ki pa pase egzamen gradyasyon leta a oswa pa rive fè mwayèn nesesè pou yon diplòm nòmal.

**Sèvis ak tout konpleman yo**—Èd espesyal yo bay elèv enkapasite anplis de tout sèvis edikasyon espesyal dirèk yo. Tout sèvis ak konpleman yo ap ede elèv la benefisye de enstriksyon. Pa egzanp sèvis ak konpleman yo se transpò espesyal, tout sèvis travo sosyal yo, terapi fizik ak terapi reyabilitasyon, ansanm ak sèvis pou aveg.

**Sèvis Asistans Teknolojik**—Yon sèvis ki ede yon moun enkapasite direkteman chwazi, achte, oswa itilize yon aparèy asistans teknolojik. Li gen ladann tout bezwen nesesè pou asistans teknolojik yo; acha aparèy, chwa, enstalasyon, ak reparasyon aparèy, ak trening moun, fanmi, pwofesè, izaje yo, ak lòt nan kijan pou yo sèvi ak aparèy la.

**Sèvis Konpansasyon yo**—Tout Sèvis distri eskolè a founi ba elèv la pou tout lòt sèvis yo pat founi nan le pase.

**Sèvis Oryantasyon ak Mobilite yo**—Tout sèvis ki ede elèv ki gen enkapasite vizyèl aprann deplase yo an tout sekirite nan lekòl la, lakay yo, ak kominote a.

**Sèvis Tranzisyon yo**—Tout Aktivite ki ede yon elèv pase de lekòl a tout aktivite aprè lekòl yo.

**Sikològ Lekòl la**—Yon pwofesyonèl ki fè evalyasyon, egzamen espesyal entelijans. Sikològ lekòl la kab travay ansanm ak pwofesè, paran yo, ak administratè lekòl la sou evalyasyon konpòtman ak kijan pou jere konpòtman.

**Sipò Pèsonèl Lekòl yo**—Tout sipò ki pèmèt yon edikasyon jeneral oswa pwofesè ESE ede timoun la fè pwogrè an jeneral oswa nan yon kourikoulòm edikasyon espesyal. Tout sipò sa yo enimere nan IEP a.

**Sosyal**—Kapasite yon elèv pou li antan li ak lòt moun—granmoun kou timoun. Yon egzanp aptitid sosyal se kapasite pou jwe byen ak lòt timoun.

**Soud oswa gen difikilte pou tande/Hard-of-Hearing (DHH)**—Yon moun ki swa soud oubyen ki gen difikilte pou tande oubyen ki pèdi pati nan odisyon oswa tout kapasite pou li tande. Pou kalifye pou tout pwogram ak sèvis pou elèv soud yo, ki gen difikilte pou tande, yon elèv fèt pou ranpli tout kondisyon ki enimere lan Règ Edikasyon Konsèy Leta La Florid yo (Règ 6A-6.03013, F.A.C.)

**Sous Sèvis yo**—Yon dokiman ki etale tout fon yo itilize nan la Florid pou kalkile tout faktè pri ESE kap aplike a tout sèvis ak sipò yo founi ba kèk elèv enkapasite yo.

**Temwen**—Se moun ki bay deklarasyon nan yon odyans an bòn e di fòm pou apiye pwendvi swa paran an oubyen distri eskolè a.

**Terapi Fizik (PT)**—Youn nan sèvis pou elèv enkapasite ki ede kenbe, amelyore, restore, oswa devlope tout mouvman ak kòwò dinasyon yo pou yo ka benefisye de tout sèvis ESE yo. Wap jwenn sèvis sa nan men swa yon terapis diplome oubyen asistan terapis fizik.

**Terapi Reyabilitasyon/Occupational Therapy (OT)**—Yon sèvis pou elèv enkapasite a ki edel kenbe, amelyore, ak restore, oswa devlope tout aptitid lap bezwen pou viv lejoulejou, kankou swen pèsonèl ak aptitid anvan li jwenn travay. Aptitid sa yo va ede elèv la jwi de tout avantaj sèvis ESE yo. Yap jwenn tout sèvis sa yo nan men yon terapis reyabilitasyon diplome.

**Timoun Dwe yo**—Yon elèv ki dwe aprann pi fasilman pase lòt elèv yo. Pou kalifye pou tout pwogram ak sèvis disponib pou elèv dwe yo, elèv la fèt pou satisfè tout kondisyon enimere nan tout Règ Konsèy Edikasyon La Florid yo. (Règ 6A-6.03019, F.A.C.)

**Transfè Dwa yo**—Transfè tout dwa yo de paran a elèv enkapasite a dimoman elèv la rive a "Laj Majoritè."

**Tranzisyon IEP**—IEP yo itilize pou elèv 16 zan ak pi gran. Tranzisyon IEP a ede elèv la preparel pou lèl fini ak lekòl. Planing Tranzisyon IEP a fèt pou komanse depi elèv la gen 14 zan.

**Twoma nan Kràn/Traumatic Brain Injury (TBI)**—Pran chok nan kràn ak fòs chok kou nan tèt. Pou kalifye pou tout sèvis elèv ki sibi yon twoman kràn, elèv la fèt pou satisfè tout kondisyon enimere nan tout Règ Konsèy Edikasyonèl La Florid of Education. (Règ 6A-6.030153, F.A.C.)

**Twoub divè Gam Otism**—Yon moun ki soufri twoub gam otism gen difikilte pou li kominike ak genyen entèraksyon ak lèzòt. Moun la kab repete patwon kopòtman ak aktivite liyo. Pou kalifye

pou tout pwogram ak sèvis pou elèv ki soufri ak twoub divè gam otism yo, yon elèv fèt pou li ranpli tout kondisyon enimere nan Règ Konsèy Edikasyon Leta La Florid yo. (Règ 6A-6.03023, Florida Administrative Code [F.A.C.])



Foto koutwazi de: Jupiterimages/ Comstock/Thinkstock

# Anèks C—Modèl Lèt yo

Modèl lèt sa yo ap ede w mande lekòl la pran sèten mezi pou pitit ou.  Ou kab retape oswa ekri yo alamen, pandan w ajoute enfòmasyon pèsonèl ou.

- Pou mande pou yo fè yon Evalyasyon Endividyèl
- Pou mande yon Reyinyon Revizyon IEP a
- Pou mande lekòl la chanje Desizyon
- Pou mande yon Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan
- Pou mande lekòl la Chanje Dosye yo
- Pou mande tout Kopi Dosye Edikasyonèl yo

## Modèl Lèt pou mande yon Evalyasyon Endividyèl

[Adrès ou]
[Nimewo Telefòn ou]
[Dat Jodiya]

Mr./Ms. ______________
Direktè
[Non Lekòl la]
[Adrès Lekòl la]

Chè ____________:

Mwen se paran ________________, ki gen ____ laj, elèv ki nan klas ____ nan ____________________________ Lekòl. Mwen gen rezon pou mwen kwè ke pitit mwen gen bezwen espesyal ke yo pa founi nan pwogram edikasyonèl aktyèl liya. Tanpri, fè aranjman pou evalye pitit mwen le pli vit posib pou li ka resevwa tout sèvis apwopriye yo.

Tanpri, fèm konnen ki lè yap fè evalyasyon sa a.

Mèsi.

Salitasyon,

[Siyati w]
[Non ou]

cc: [Non Direktè ESE a], Direktè, Edikasyon Elèv Eksepsyonèl

# Modèl Lèt pou mande yon Reyinyon Revizyon IEP

[Adrès ou]
[Nimewo Telefòn ou]
[Dat Jodiya]

Mr./Ms. ______________
Direktè
[Non Lekòl la]
[Adrès Lekòl la]

Chè ____________:

Mwen se paran _____________________, ki gen ___ laj, se yon elèv klas ____ nan ______________________________ Lekòl. Mwen panse ta fèt pou gen yon chanjman nan plan endividyèl edikasyonèl pitit mwen. Mwen mande yon reyinyon pou mwen pale de sijè sa a ak ekri yon nouvo IEP.

Tanpri, fèm konnen kilè reyinyon sa a ap fèt.

Mèsi.

Salitasyon,

[Siyati w]
[Non ou]

cc: [Non Direktè ESE a], Direktè, Edikasyon Elèv Eksepsyonèl

## Modèl Lèt pou mande Lekòl la Chanje yon Desizyon

[Adrès ou]
[Nimewo Telefòn ou]
[Dat Jodiya]

Mr./Ms. ______________
Direktè
[Non Lekòl la]
[Adrès Lekòl la]

Chè ____________:

Mwen se paran ______________________, ki gen ___ laj, yon elèv ki nan klas ____ nan ________________________________ Lekòl. Mwen resevwa yon avi de lekòl la le __________________ (dat) konsènan __________________________________________________ _________________________________________________________________________________.

Mwen pa dakò ak avi sa a. Mwen deja pale ak ___________________ ak ___________________ ak ____________________ nan lekòl la. Mwen mande yon reyinyon pou pale de koze sa a.

Mèsi.

Salitasyon,

[Siyati ou]
[Non ou]

cc: [Direktè Lekòl Pitit ou], Direktè, [Non Lekòl Pitit ou]

# Modèl Lèt pou mande yon Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan

[Adrès ou]
[Nimewo Telefòn ou]
[Dat Jodiya]

Mr./Ms. ______________
Direktè
[Non Lekòl la]
[Adrès Lekòl la]

Chè ____________:

Mwen se paran _____________________, ki gen ___ laj, yon elèv ki nan klas ____ nan ______________________________ Lekòl. Mwen panse ke pitit mwen bezwen yon evalyasyon edikasyonèl endepandan poutèt pwoblèm sa yo ki parèt nan evalyasyon lekòl la fè: _________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________.

Mwen mande w edem chache yon moun pou fè evalyasyon a epi mwen mande pou sistèm eskolè a peye evalyasyon sa a. Tanpri, reponn demann sa a alekri.

*Oubyen ou ka di:*

Mwen ta renmen (mete non ak tit moun ou vle pou fè evalyasyon an) fè evalyasyon an, epi tou mwen mande pou sistèm eskolè peye pou evalyasyon sa (mete non ak tit moun la). Tanpri, reponn demann sa a alekri. Mèsi.

Salitasyon,

[Siyati ou]
[Non ou]

cc: [Direktè Lekòl Pitit ou], Direktè, [Non Lekòl Pitit ou]

# Modèl Lèt pou mande Lekòl la Chanje Dosye yo

[Adrès ou]
[Nimewo Telefòn ou]
[Dat Jodiya]

Mr./Ms. ______________
Direktè
[Non Lekòl la]
[Adrès Lekòl la]

Chè ____________:

Mwen se paran _____________________, ki gen ___ laj, yon elèv ki nan klas ____ nan ______________________________ Lekòl. Mwen li tout dosye lekòl la genyen sou pitit mwen. __________________ ( non moun la) eksplikem tout dosye sa yo le ____________ (dat). Mwen gen rezon pou kwè ke yon pati nan dosye lekòl la pa jis anvè pitit mwen. Kidonk, mwen mande ke w ____________________________________________________________________________ _____________________________________________________________________________.

Tanpri fèm konnen ki mezi wap pran konsènan demann sa a.

Mèsi.

Salitasyon,

[Siyati ou]
[Non ou]

cc: [Non Direktè ESE a], Direktè Edikasyon Elèv Eksepsyonèl

# Modèl Lèt pou mande Kopi tout Dosye Edikasyonèl yo

[Adrès ou]
[Nimewo Telefòn ou]
[Dat Jodiya]

Mr./Ms. ______________
Direktè
[Non Lekòl la]
[Adrès Lekòl la]

Chè ____________:

Mwen se paran ______________________, ki gen ___ laj, yon elèv ki nan klas ____ nan ________________________________ Lekòl. Map mande kopi tout dosye edikasyonèl pitit mwen yo. Mwen konnen ke yo kab fèm peye yon frè pou kopye dosye yo. Kidonk, anvan yo fè kopi tout dosye yo, mwen mande ou enfòme mwen konbyen sa pral koute. Selon pri a, mwen kab mande revize tout dosye yo ak idantifye tout dosye mwen ta renmen yo kopye pou mwen.

Mèsi.

Salitasyon,

[Siayti ou]
[Non ou]

# Anèks D—Modèl Fòm IEP

Fèy an blan IEP ki komanse nan paj swivan an yo ba w li pou gen yon ti apèsi de kisa pou atann ou lè wap ede gwoup la redije yon IEP pou pitit ou.

**Konte Kalite Distri Eskolè**
**Plan Endividyèl Edikasyonèl (IEP)**

## I. Enfòmasyon sou Elèv la

| | |
|---|---|
| Dat reyinyon IEP a: | Lekòl: |
| Elèv: | Nimewo Elèv la: |
| Adrès: | Laj: |
| Paran/Responsab timoun la: | Dat fikse pou Reyevalyasyon: |
| Dat Nesans: | Dat inisyasyon IEP a: |
| Klas: | Dat Revizyon IEP a: |
| Bi reyinyon an: | Eske se yon chanjman IEP?: |
| Eksepsyon Prensipal:<br>Eksepsyon Adisyonèl (yo): | |

## II. Konsiderasyon Espesyal yo

Lè yap konsidere faktè swivan sa yo, si ekip IEP a ta detèmine ke yon elèv ta bezwen yon aparèy oswa sèvis espesyal ki enkli swa entèvansyon, aranjman espesyal, oubyen chanjman nan pwogram la, IEP a fèt pou bay detay konsènan pwen sa a nan devlopman IEP a.

| W | N | |
|---|---|---|
| | | Eske konpòtman elèv la anpechel aprann oswa anpeche zòt aprann? |
| | | Si repons la se wi, eske yo fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl elèv la (FBA) ak/oswa plan entèvansyon pou konpòtman (BIP)? |
| | | Si pa gen yon FBA/BIP, izaj konpòtman pozitif nan entèvansyon yo, estrateji yo, ansanm ak tout sipò yo fèt pou konsidere nan devlopman IEP |
| | | Eske konesans elèv la limite nan anglè? |
| | | Eske elèv la avèg oswa pa wè byen? |
| | | Si repons la se wi, eske enstriksyon li nan bray oubyen izaj bray ta konvni? |
| | | Eske elèv la gen bezwen nan kominikasyon? Si repons la se wi, tout bezwen sa yo fèt pou adrese nan IEP sa a. |
| | | Eske elèv la soud oubyen li pa tande byen? |
| | | Si repons la se wi, fòk nou kreye kominikasyon dirèk ak elèv menm laj li ansanm ak tout pwofesyonèl yo nan lang timoun la: |
| | | **Pa Aplikab** |

| | | |
|---|---|---|
| | | Si repons la se wi, fòk nou kreye anseyman dirèk nan lang timoun la: |
| | | Eske elèv la ap bezwen asistans avek aparèy teknolojik oswa tout lòt sèvis? |
| | | Eske elèv la mande enstriksyon oswa ke yo bali enfòmasyon konsènan kijan pou li fonksyon an otonòm? |
| | | Elèv la ap swiv kou detid ka va mennen li a: |

**Domèn yo**

Yap adrese tout bezwen elèv yo ki ta koze pa enkapasite li atravè tout domèn oswa sèvis aktivite swivan sa yo:

| W | N | |
|---|---|---|
| | | Kourikoulòm ak Anviwonman Aprantisaj |
| | | Fonksyònman Endepandan |
| | | Kominikasyon |
| | | Konpòtman Sosyal/Emosyonèl |
| | | Swen Sante |

**III. Faktè Jeneral yo ak Done Evelyasyon yo**

Pwendvi paran a jwenn atravè:

Tout enkyetid paran an konsènan amelyorasyon edikasyon elèv la:

Tout enkyetid konsènan Sante:

Tout rezilta evalyasyon distri ak leta yo (egzanp., Florida Comprehensive Assessment Test; Florida Alternate Assessment):

Tout rezilta inisyal oswa evalyasyon pi resan:

**EVALYASYON DEVLOPMAN**

**EVALYASYON TERAPI REYABILITASYON**

**EVLYASYON TERAPI FIZIK**

**EVALYASYON KONPÒTMAN**

**EVALYASYON LANG AK JAN TIMOUN LA PALE**

Responsabilite ant ajans yo oswa lyen yo, si li ta nesesè:

Tout Rezilta Tès Florida Comprehensive Assessment yo:

| **Ane Tès la: Nòt Tès la :** | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Lekti** | | | | **Matematik** | | | |
| Nivo Pèfòmans: | | | | Nivo Pèfòmans: | | | |
| Barèm Nòt yo: | | | | Barèm Nòt yo: | | | |
| Divè Sijè yo | Nòt Posib | Nòt ou | Mwayèn | Divè Sijè yo | Nòt Posib | Nòt ou | Mwayèn |

**<u>IV. Nivo Aktyèl Akademik ak Pèfòmans Fonksyonèl</u>**

Enfòmasyon konsènan tout bezwen pou tranzisyon yo ak/oswa oto – detèminasyon parèt la a antan ke apwopriye.

**<u>Domèn/Sèvis Tranzisyon: Kourikoulòm ak Anviwònman Etid</u>**

Konesans elèv la konsènan domèn sa a (sa yo) dekri pi ba a:

Daprè done disponib sou domèn sa a, enkli evalyasyon fòmèl ak non-fòmèl, obsèvasyon yo, modèl travay yo, ansanm ak evalyasyon tranzisyon yo baze sou laj (si li ta apwopriye), elèv la ap kapab fonksyone nan kategori sa yo :

**LANG AK KONESANS KE LI VINN DEKOUVRI**

**MATEMATIK YO**

Enkapasite elèv la afekte patisipasyon li nan pwogrè ki fèt nan kourikoulòm jeneral nan domèn sa a fason swivan sa yo:

**Bi Anyèl Yo ak Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo**

Bi:

Kritè pou Metrize:
Lòt:

Pwosedi Evalyasyon yo:
Yap founi tout Kanè Pwogrè yo :
Si gen lòt, dekri:

Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:

---

Bi:

Kritè pou Metrize:
Lòt:

Pwosedi Evalyasyon yo:
Yap founi tout Kanè Pwogrè yo :
Si gen lòt, dekri:

Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:

---

**Domèn/Depatman SèvisTranzisyon: Kominikasyon**

Konesans elèv la konsènan domèn sa a (sa yo) dekri pi ba a:

Daprè done disponib yo konsènan domèn sa a, enkli evalyasyon fòmèl ak non-fòmèl, obsèvasyon yo, model travay yo, ak evalyasyon tranzisyon baze sou laj (si li ta apwopriye), elèv la ap kab fonksyone nan kategori sa yo:

Enkapasite elèv la afekte patisipasyon li ak pwogrè li nan kourikoulòm jeneral nan domèn sa a fason swivan sa yo:

**Bi Anyèl yo ak Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo**

Bi:

Kritè pou Metrize:
Lòt:
Evalyasyon pwosedi yo:
Yap founi tout Kanè Pwogrè yo:
Si gen lòt, dekri:

Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:

---

Bi:

Kritè pou Metrize:
Lòt:
Evalyasyon pwosedi yo:
Yap founi tout Kanè Pwogrè yo:
Si gen lòt, dekri:

Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:

---

**Domèn/Sèvis Tranzisyon: Fonksyon Endepandan**

Konesans elèv la konsènan domèn sa a (sa yo) dekri anba a:

Daprè done disponib konsènan domèn sa a, enkli evalyasyon fòmèl oswa non-fòmèl, obsèvasyon yo, modèl travay yo, ak evalyasyon tranzisyon baze sou laj yo (si li ta apwopriye), elèv la ap kab:

Enkapasite elèv la afekte patisipasyon li ak pwogrè li nan kourikoulòm jeneral nan domèn sa a fason swivan sa yo:

**<u>Bi Anyèl yo ak Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:</u>**

Bi:

Kritè pou Metrize:
Lòt:

Pwosedi Evalyasyon yo:
Yap founi tout Kanè Pwogrè yo:
Si gen lòt, dekri:

<u>Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:</u>

---

Bi:

Kritè pou Metrize:
Lòt:

Evalyasyon pwosedi yo:
Yap founi tout Kanè Pwogrè yo:
Si gen lòt, dekri:

<u>Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:</u>

---

**<u>Domèn/Sèvis Tranzisyon: Konpòtman Sosyal/Emosyonèl</u>**

Konesans elèv la konsènan domèn sa a (sa yo) dekri anba a :

Daprè done disponib konsènan domèn sa a, enkli evalyasyon fòmèl ak non-fòmèl yo, obsèvasyon yo, modèl travay yo, ak evalyasyon tranzisyon baze sou laj yo ( si li ta apwopriye), elèv la ap kab:

Enkapasite elèv la afekte patisipasyon li ak pwogrè li nan kourikoulòm jeneral nan domèn sa a fason swivan sa yo:

**<u>Bi Anyèl yo ak Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:</u>**

Bi:

Kritè pou Metrize:
Lòt:

Evalyasyon pwosedi yo:
Yap founi tout Kanè Pwogrè yo:
Si gen lòt, dekri:

Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:

---

Bi:

Kritè pou Metrize:
Lòt:

Evalyasyon pwosedi yo:
Yap founi tout Kanè Pwogrè yo:
Si gen lòt, dekri:

Objektif a Kou Tèm yo oswa Pwen de Referans yo:

---

## V. Evalyasyon

**Yap evalye elèv la atravè :**

| | |
|---|---|
| | Evalyasyon Jeneral nan Leta (FCAT)/Evalyasyon Jeneral nan tout Distri |
| | Evalyasyon Altènatif La Florid/Evalyasyon Altènatif nan tout Distri |
| | Pa aplikab pou nòt aktyèl elèv la |

| W | N | |
|---|---|---|
| | | Eske elèv la pral patisipe nan evalyasyon distri yo oswa leta ak aranjman espesyal yo? Si repons la se wi, ale nan paj "Elèv kap Patisipe nan Evalyasyon ak Aranjman Espesyal yo " (paj swivan). |

## VI. Sèvis Edikasyon Espesyal yo

| Divè Sèvis | Inisyasyon | Tan Lap Pran | Frekans | Lye |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

| Divè Sèvis | Inisyasyon | Tan Lap Pran | Frekans | Lye |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

| Èd Siplemantè yo ak Sèvis yo | Inisyasyon | Tan Lap Pran | Frekans | Lye |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

| Sèvis Pwolonje Ane Eskolè | Inisyasyon | Tan Lap Pran | Frekans | Lye |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

| Aranjman Espesyal pou sal Klas | Inisyasyon | Tan Lap Pran | Frekans | Lye |
|---|---|---|---|---|
| Aranjman espesyal yo se chanjman ki fèt nan fason elèv la jwen aksè a enfòmasyon ak demontre pèfòmans nan anbyans edikasyon jeneral la. | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

Sipò pou Pèsonèl Eskolè (dekri):

(Tout sipò nesesè pou elèv la ka avanse yon fason adekwa anvè tout bi yo, patisipe ak fè pwogrè nan kourikoulòm edikasyon jeneral, ak resevwa edikasyon ansanm ak patisipe ak lòt elèv yo.)

Swivi kap fèt pa moun responsab tout sèvis tranzisyon yo (li kab idantifye pa tit li):

**VII. Anviwònman ak mwens Restriksyon**

Eksplike a ki degre , si ta gen kèk, kote elèv la pap patisipe ansanm ak elèv ki pa gen enkapasite yo nan klas edikasyon jeneral, aktivite aprè lekòl, ak aktivite ki pa akademik yo:

**Aksesibilite ak Enplimantasyon**

IEP a aksesib ba tout pwofesè ki responsab enplimantasyon elèv ki fè pati pwogram IEP a, epi tou, yo avize chak pwofesè elèv de tout responsabilite espesifik yo konsènan enplimantasyon IEP a (Règ 6A-6.03028, F.A.C.).

**VII. Nòt Konferans:**

Depatman Edikasyon la Florid
*Pam Stewart, Komisyonè*

313145